ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№41 (23.699) ● 2018 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 27, гъубж ● И уасэр зы тумэнщ

Зыужьыныгъэр щIэгъэхуэбжьэнымкIэ стратегие

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. КъБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъэзар

Пщlэ зыхуэсщI депутатхэ!
Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэу пщlэ зыхуэсщIхь!

Дэ псоми нобэрей ди гурыщIэхэр пыщIащ Урысей Федерацэм и Президентыр гъатхэпэм и 18-м зэрыхахам кIуркIуахэм, ди къэралым и къэкIуэнум и дежкIэ кIыпхуэмылъытэным хуэдиз мыхьэнэ зиIэхэм. Дызэрыщыгугъуэу, текIуэныгъэ нэрылъагъу кIиухьащ къэралми дуней псоми кIыщащылъыта ди лъэпкъ пашэм, къэралыр гъэбыдэным емызэшыжу телажьэ, хэкупсэ нэс, политик губзыгъэ, цIыху хахуэ, **ди къэралым и щIыхьымрэ и зыужьыныгъэмрэ хэгъэхъуэныр, лъэпкъ куэду зэхэт абы и цIыхубэм я насыпымрэ ефIэкIуэныгъэмрэ зи мурад нэхъыщIхьэу щыт Путин Владимир Владимир и къэм.**

Быдэу егупсысауэ Iэ яIэтащ ди хэхакIуэхэм, зэрыщыту Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэм. Ди цIыхухэм я нэхъыбапIэм кIыгъэлъэгъуащ **Путин Владимир Владимир и къуэм, Урысей лъащIым и телъхъэу зэрыщытыр**. А щIыкIэм тету республикэм щIепсэуэм аргуэру зэ наIуэ къащIащ губзыгъэгъэрэ зэкъуэтыныгъэрэ зэрахэлъыр, **къэралым и сэбэп зыхэлъхэр яхъуэмэну, ди хэкум и зэкъуэтныгъэмрэ лъэщагъэмрэ гъэбыдэным хуэунэтIа Iэхуэхэр даIыгъыну зэрыхъэзыщыр.**

Щэч лъэпкъ къытесхьэркъым ди Хэкум и Гущlэм, ди къэралиным и лъэпкъэм я гъащIэм нэхъ мыхьэнэщхуэ щызиIэ тхыдэ пIалъэхэм 2018 гъэм гъатхэпэм и 18-р ящыщ зэрыхъунум.

Пщlэ зыхуэсщI си лэжьагъуэхэ!

Иджыпсту дунейр хохьэ щIылъэм щыIэ къэрал псори зэрыгъэубыдыным хуэгъэзэ зэхъуэкIыныгъэщIэхэм. Абыхэм дахуэхьэзыру, зэманым кьигъуэв зи чэзу къалэнхэм дахуэхьэзыру дыщытын папщlэ дэ ди егупуныгъэмрэ къарумрэ хэдгъэхъуэну ди къалэнщ.

2018 гъэм гъатхэпэм и 1-м ди Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъазам къыщыгъуваща Урысейм и зыужьыныгъэ зэрызыхуигъазэ мы тхыгъэм еубзыху иужь зэманым щыIэ хъуа щытыкIэщIэхэм тэмэму дыхэзэгъэнымкIэ, къэралым и Президентым кьигъуэва Iэхуэ инхэр икIи жэуаплиныгъэ зыпылъ экономикэ къалэн мытыншхэр гъэзэщIэным хуэгъэзауэ щэщIауэ дылэжьэну. Дэ Iупщlу зэхэтщыкIым хуейщ нобэрей республикэм зыужьыныгъэщIэ зэригъэтыпхъэр.

Дунейм иджыпсту технологие зэхъуэкIыныгъэ зыубгъуахэр щокIуэкI, гъащIэм и лъэныкъуэ псоми куууэ захъуэж. Апхуэдэ дыхъэхэм икъукIэ зи чэзу Iэхуэщ инноваци зи лъабжьэ иджырей индустриализацэ къызэгъэпэщыныр. Инноваци эрщ экономикэм зиужьныкIэ, абы и продукцэм щIэупщIэ иIэныкIэ тегъэщIапIэ нэхъыщхьэр. Мыбдеж дэ къыщыгъпытэн хуейщ технологие зыужьыныгъэм и иджырей унэтIныныгъэщIэхэр, хъыбарегъащIэ-коммуникацэ технологиехэр абыхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр, бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэр зэрызэтеувэр.

Путин В. В. Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам **къыщыгъэуващ къыгтэщыт илъэсипщI гъэнэгъум икуэм ирихьэлIэу валовэ щыналъэ продуктыр щIыху къэс тещIыхьауэ хуэдэ зыгъэ гъэзэ къаленыр**. Республикэм и Правительствэм икIэщIыпIэкIэ зэхилъхьэн хуейщ мыхьэнэщхуэ зиIэ икIи къызэрымыкIуэу щыт а къалэныр зэкIэлъыкIуэу гъэзэщIэным хуэгъэза концепцэмрэ программэмрэ. **Мыбдеж хэкIыпIэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу къыщылъытапхъэщ зы цIыхум** тещIыхьауэ къилэжьыр иджырей технологиехэм, управленэм, кадр Iэхуэхэм **я хьэкIэ къызэгъэпэщын зэрыхуейр. IэнатIэ нэхъыщхьэхэм ячуфыбыдэ предприятэ курытхэмрэ инхэмрэ лэжьыгъэм и производительностыр гъэ къэс процент 5 нэхърэ мынэхъ мащIэкIэ къыщагъэту екIуэкIын хуейщ.** Абы папщIэ продукцэм и техническэ зэхэлъыкIэщIэхэм хуэкIуэн икIи фейдэ нэхъыбэ къэзыт технологиехэр къагъэсэбэпын хуейуэ къапэщытщ.

ПРОМЫШЛЕННОСТЫМ И IЭНАТIЭР

Экономикэм и IэнатIэхэм, псом япэу промышленностым, нэхъри зауэжьын папщIэ хэкIыпIэщIэхэр уэбзыхупхъщ. Промышленностым иджыпсту инвестицэ проект инхэр, апхуэдэу Iэхуэщ IапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжьныкIэ иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщыныкIэ яхуэунэтIа программэхэр щагъэзащIэ.

Псалъэм папщIэ, вольфрам-молибден рудар къыщIэхьныкIэ зэхуэдэныкIэ зыхуэфащэ Iэхуэхэр ирагъэкIуэкI. Тырныауэ къыщIэхьпIэм руда гъэтIылъыгъэу щыIэхэр къэбжьныкIэ мы Iэхуэщ IапIэм и техникэ-экономикэ зэфIэкIхэр убзыхуныкIэ нобэм ирихьэлIэу зэфIагъэкIащ. «Iэащхьэмахуэ къурш-руда комбинат» жэуап зэхэгъэщхьэхуэкIа зыхь зэгухьэныгъэ къызэрагъэпэщащ. Ягъэува планым тету хэIущIыIу ящIащ рудар къыщIэхьныкIэ лицензэхэр ятын папщIэ конкурс зэрыгъэкIуэкIыр икIи абы къыкIуэхэр къапщытэжыну етIуанэ кварталым и пэщIэдзэм.

«Этана» промышленнэ комплексыр къызэгъэпэщыным хиубыдэу зэдэлэжьэным теухуа зэгурыIуэныгъэм хэт лъэныкъуэхэм ирагъэкIуэныну Iуэхуэхэм я графикхэм япкъ иткIэ лэжьыгъэхэм я япэ лъэхъэнэм ерыскъыхэкIхэмкIэ Iэнатlэм къыщагъэсэбэп полимерхэр, нэгъуэщIу жыпIэмэ, продукцэр зраль хъэ тарэр къыщIагъэкIыу икIи абы къыкIуэхэр къапщытэжыныр етIуанэ кварталым и пэщIэдзэм.

«Этана» промышленнэ комплексыр къызэгъэпэщыным хиубыдэу зэдэлэжьэным теуха зэгурыIуэныгъэм хэт лъэныкъуэхэм ирагъэкIуэныну Iуэхуэхэм я графикхэм япкъ иткIэ лэжьыгъэхэм я япэ лъэхъэнэм ерыскъыхэкIхэмкIэ Iэнатlэм къыщагъэсэбэп полимерхэр, нэгъуэщIу жыпIэмэ, продукцэр зраль хъэ тарэр къыщIагъэкIыу щыIэхэр къапщытэжыныр етIуанэ кварталым и пэщIэдзэм.

Мыхьэнэщхуэ иIэщ хозяйство мыинхэм къэралыр зэрыдэIэпыкъу Iэмалхэм зегъэужьыныным. Мыбдеж куэд елытагъуэ щытынущ продукцэм елэжьныныр ар щэныныр яплъэ Iуэхуэхэм. ЩIэгъэкъуэн хъарзынэ хъун хуейщ потребительскэ кооперацэм зегъэужьныныр. Кооперативэр дэтхэнэ районми къыщызэгъэпэщыпхъэщ. А Iуэхуэр зэфIэгъэкIыным хуэфащэ гулъытэ хуащIыну сольэIу муниципальнэ районхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэм.

Продукцэм щIэупщIэ иIэн папщIэ щIагъэкъуэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ дунейм щагъэунэхуа лэжьэкIэ нэхъыфIхэмрэ иджырей технологиехэмрэ. А пщэрылъыр дэгъэкIныныкIэ къалэн хэха къыбгъэдохуэ мэкъумэш щIэныгъэм. Аращ иджырей технологиехэр ди щIналъэм къыришну икIи ди деж щIиIэ щытыкIэхэм иригъэзгъэну къызыпэщытыр. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университетым къыпэщыт Iуэху нэхъыщхьэщ зэрыригъаджэ программэхэр къэгъэщIэрэщIэжьныр, **щIэныгъэ пэрытымрэ проект нэхъыфIхэмрэ агропромышленнэ комплексым зыщегъэубгъуныныкIэ центр нэс хъуныр.**

(КIэлъыкIуэр 2-нэ нап.)

номикэ зыужьыныгъэм и лъабжьэр гражданм мамырыгъэщ, лъэпкъхэмрэ динэмрэ я зэгурыIуэныгъэрщ икIи а сорт-пэкIи ди фIыгъуэ нэхъыщхьэу зэрекIуэкIыныр быдэу си фIэщ мэхъу.

Нэгъабэ дэ Iэтауэ дгъэлъэпIащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыхьхьэрэ илъэс 460-рэ зэрыригъэуар. Тхыдэ мыхьэнэ хэха зиIэ а Iуэхум ди цIыхубэр нэхъри нэхъ быдэу зэкъуигъэуващ, урысей къэралыгъуэм къыгуэхыпIэ имыIэу дызэрыхэтыр, **ди республикэм тэмэму адэкIи зиужьныныкIэ шэсыпIэ нэсу екъуурушхэу зыбгъэдэлъ Урысей зэкъуэтым фIэкIа зэрыщымытыфынур нэгъэсауэ къыззэрыдгурыIуэр къигъэлъэгъуащ.**

Пщlэ зыхуэсщI депутатхэ!

Дэ псоми къытпэщытщ мыхьэнэщхуэ зиIэ икIи жэуаплиныгъэ зыпылъ экономикэ къалэн мытыншхэр гъэзэщIэным хуэгъэзауэ щэщIауэ дылэжьэну. Дэ Iупщlу зэхэтщыкIын хуейщ нобэрей республикэм зыужьныныгъэщIэ зэригъэтыпхъэр.

Дунейм иджыпсту технологие зэхъуэкIыныгъэ зыубгъуахэр щокIуэкI, гъащIэм и лъэныкъуэ псоми куууэ захъуэж. Апхуэдэ дыхъэхэм икъукIэ зи чэзу Iуэхущ инноваци зи лъабжьэ иджырей индустриализацэ къызэгъэпэщыныр. Инноваци эрщ экономикэм зиужьныныкIэ, абы и продукцэм щIэупщIэ иIэныкIэ тегъэщIапIэ нэхъыщхьэр. Мыбдеж дэ къыщыгъпытэн хуейщ технологие зыужьныныгъэм и иджырей унэтIныныгъэщIэхэр, хъыбарегъащIэ-коммуникацэ технологиехэр абыхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр, бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэр зэрызэтеувэр.

Абы папщIэ дызыхуеину Iэмалхэр ди деж щызэтеуващ. **Сыт хуэдэ гурыгъэхэр щымыIами, иужьрей илъэсхэм республикэм и зыужьныгъэр къызэтеувыIэрэкъым. Абы и щыхьэтщ блэкIа 2017 гъэр.**

КъызэрабжамкIэ, илъэсым ныкъуэкIэ нэхъыбэ щIыным хуэгъэза къаленыр. Республикэм и Правительствэм икIэщIыпIэкIэ зэхилъхьэн хуейщ мыхьэнэщхуэ зиIэ икIи къызэрымыкIуэу щыт а къалэныр зэкIэлъыкIуэу гъэзэщIэным хуэгъэза концепцэмрэ программэмрэ. **Мыбдеж хэкIыпIэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу къыщылъытапхъэщ зы цIыхум** тещIыхьауэ къилэжьыр иджырей технологиехэм, управленэм, кадр Iэхуэхэм **я хьэкIэ къызэгъэпэщын зэрыхуейр. Iэнатlэ нэхъыщхьэхэм ячуфыбыдэ предприятэ курытхэмрэ инхэмрэ лэжьыгъэм и производительностыр гъэ къэс процент 5 нэхърэ мынэхъ мащIэкIэ къыщагъэту екIуэкIын хуейщ.** Абы папщIэ продукцэм и техническэ зэхэлъыкIэщIэхэм хуэкIуэн икIи фейдэ нэхъыбэ къэзыт технологиехэр къагъэсэбэпын хуейуэ къапэщытщ.

ПРОМЫШЛЕННОСТЫМ И IЭНАТIЭР

Экономикэм и IэнатIэхэм, псом япэу промышленностым, нэхъри зауэжьын папщIэ хэкIыпIэщIэхэр уэбзыхупхъщ. Промышленностым иджыпсту инвестицэ проект инхэр, апхуэдэу Iэхуэщ IапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжьныкIэ иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщыныкIэ яхуэунэтIа программэхэр щагъэзащIэ.

Псалъэм папщIэ, вольфрам-молибден рудар къыщIэхьныкIэ зэхуэдэныкIэ зыхуэфащэ Iэхуэхэр ирагъэкIуэкI. Тырныауэ къыщIэхьпIэм руда гъэтIылъыгъэу щыIэхэр къэбжьныкIэ мы Iэхуэщ IапIэм и техникэ-экономикэ зэфIэкIхэр убзыхуныкIэ нобэм ирихьэлIэу зэфIагъэкIащ. «Iэащхьэмахуэ къурш-руда комбинат» жэуап зэхэгъэщхьэхуэкIа зыхь зэгухьэныгъэ къызэрагъэпэщащ. Ягъэува планым тету хэIущIыIу ящIащ рудар къыщIэхьныкIэ лицензэхэр ятын папщIэ конкурс зэрыгъэкIуэкIыр икIи абы къыкIуэхэр къапщытэжыныр етIуанэ кварталым и пэщIэдзэм.

«Этана» промышленнэ комплексыр къызэгъэпэщыным хиубыдэу зэдэлэжьэным теуха зэгурыIуэныгъэм хэт лъэныкъуэхэм ирагъэкIуэныну Iуэхуэхэм я графикхэм япкъ иткIэ лэжьыгъэхэм я япэ лъэхъэнэм ерыскъыхэкIхэмкIэ Iэнатlэм зегъэужьныныкIэ проектыр гъэхьэзырын яух икIи абы къыщыгъэльэгъуащ цIыхухэм папщIэ тыншыпIэ псори зиIэ иджырей псэупIэ унэхэр ухуэныр.

Мис апхуэдэ лэжьыгъэхэр, апхуэдэу щIэныгъэр, технологие лъагэхэр, хъерышхуэ къэзыт хэкIыпIэхэр къыщагъэсэбэп предприятэхэр нэхъыбэ щIыным хуэгъэза адрей проектхэр гъэзэщIэныныкIэ зыхуэфащэ Iэхуэхэм пащэн хуейщ. Абы папщIэ жыджэру къэгъэсэбэпыпхъэщ инвестицэхэр, абыхэм ящыщу федеральнэ бюджетым къыхэкIхэри, къызэщIэгъэуIуэныныкIэ щыIэ Iэмалхэр, апхуэдэу промышленностым зегъэужьныныкIэ фондым хуэдэ хэкIыпIэщIэхэр. Мы Iуэхум и лъэныкъуэкIэ дэ зэкIэ дыкъыкIэроху.

ИкIэщIыпIэкIэ а лэжьыгъэм зритын хуейщ ди Правительствэм. Абы къыщыныныр, къызэрыслъытэмкIэ, **и чэзу хъуащ промышленностым зегъэужьныныкIэ фонд республикэм къыщызэрагъэпэщыну. Ар мы Iэнатlэр къэгъэщIэрэщIэжьныныкIэ, лэжьапIэщIэхэр къызэгъэпэщыныкIэ, проектхэр льготэ яIэу финансхэмкIэ къызэрызэрагъэпэщыр и лъабжьэу нэгъуэщI къэралхэм къыщащэхьи пэхъун продукцэ къыщIэгъэкIыныныкIэ щIэгъэкъуэн нэхъыщхьэхэм ящыщу увын хуейщ.**

АГРОПРОМЫШЛЕННЭ КОМПЛЕКСЫР

Зыужьныныгъэ нэрылъагъу иГъэтын хуейщ республикэм и агропромышленнэ комплексым. Абы зегъэужьныным 2017 гъэм

ящыщ зыужьныныгъэм и лъабжьэр гражданм мамырыгъэщ, лъэпкъхэмрэ динэмрэ я зэгурыIуэныгъэрщ икIи а сорт-пэкIи ди фIыгъуэ нэхъыщхьэу зэрекIуэкIыныр быдэу си фIэщ мэхъу.

Нэгъабэ дэ Iэтауэ дгъэлъэпIащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыхьхьэрэ илъэс 460-рэ зэрыригъэуар. Тхыдэ мыхьэнэ хэха зиIэ а Iуэхум ди цIыхубэр нэхъри нэхъ быдэу зэкъуигъэуващ, урысей къэралыгъуэм къыгуэхыпIэ имыIэу дызэрыхэтыр, **ди республикэм тэмэму адэкIи зиужьныныкIэ шэсыпIэ нэсу екъуурушхэу зыбгъэдэлъ Урысей сэкъуэтым фIэкIа зэрыщымытыфынур нэгъэсауэ къыззэрыдгурыIуэр къигъэлъэгъуащ.**

Пщlэ зыхуэсщI депутатхэ!

Дэ псоми къытпэщытщ мыхьэнэщхуэ зиIэ икIи жэуаплиныгъэ зыпылъ экономикэ къалэн мытыншхэр гъэзэщIэным хуэгъэзауэ щэщIауэ дылэжьэну. Дэ Iупщlу зэхэтщыкIын хуейщ нобэрей республикэм зыужьныныгъэщIэ зэригъэтыпхъэр.

Дунейм иджыпсту технологие зэхъуэкIыныгъэ зыубгъуахэр щокIуэкI, гъащIэм и лъэныкъуэ псоми куууэ захъуэж. Апхуэдэ дыхъэхэм икъукIэ зи чэзу Iуэхущ инноваци зи лъабжьэ иджырей индустриализацэ къызэгъэпэщыныр. Инноваци эрщ экономикэм зиужьныныкIэ, абы и продукцэм щIэупщIэ иIэныкIэ тегъэщIапIэ нэхъыщхьэр. Мыбдеж дэ къыщыгъпытэн хуейщ технологие зыужьныныгъэм и иджырей унэтIныныгъэщIэхэр, хъыбарегъащIэ-коммуникацэ технологиехэр абыхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр, бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэр зэрызэтеувэр.

Путин В. В. Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам **къыщыгъэуващ къыгтэщыт илъэсипщI гъэнэгъум икуэм ирихьэлIэу валовэ щыналъэ продуктыр щIыху къэс тещIыхьауэ хуэдэ зыгъэ гъэзэ къаленыр.** Республикэм и Правительствэм икIэщIыпIэкIэ зэхилъхьэн хуейщ мыхьэнэщхуэ зиIэ икIи къызэрымыкIуэу щыт а къалэныр зэкIэлъыкIуэу гъэзэщIэным хуэгъэза концепцэмрэ программэмрэ. **Мыбдеж хэкIыпIэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу къыщылъытапхъэщ зы цIыхум** тещIыхьауэ къилэжьыр иджырей технологиехэм, управленэм, кадр Iэхуэхэм **я хьэкIэ къызэгъэпэщын зэрыхуейр. Iэнатlэ нэхъыщхьэхэм ячуфыбыдэ предприятэ курытхэмрэ инхэмрэ лэжьыгъэм и производительностыр гъэ къэс процент 5 нэхърэ мынэхъ мащIэкIэ къыщагъэту екIуэкIын хуейщ.** Абы папщIэ продукцэм и техническэ зэхэлъыкIэщIэхэм хуэкIуэн икIи фейдэ нэхъыбэ къэзыт технологиехэр къагъэсэбэпын хуейуэ къапэщытщ.

ПРОМЫШЛЕННОСТЫМ И IЭНАТIЭР

Экономикэм и IэнатIэхэм, псом япэу промышленностым, нэхъри зауэжьын папщIэ хэкIыпIэщIэхэр уэбзыхупхъщ. Промышленностым иджыпсту инвестицэ проект инхэр, апхуэдэу Iэхуэщ IапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжьныкIэ иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщыныкIэ яхуэунэтIа программэхэр щагъэзащIэ.

Псалъэм папщIэ, вольфрам-молибден рудар къыщIэхьныкIэ зэхуэдэныкIэ зыхуэфащэ Iэхуэхэр ирагъэкIуэкI. Тырныауэ къыщIэхьпIэм руда гъэтIылъыгъэу щыIэхэр къэбжьныкIэ мы Iэхуэщ IапIэм и техникэ-экономикэ зэфIэкIхэр убзыхуныкIэ нобэм ирихьэлIэу зэфIагъэкIащ. «Iэащхьэмахуэ къурш-руда комбинат» жэуап зэхэгъэщхьэхуэкIа зыхь зэгухьэныгъэ къызэрагъэпэщащ. Ягъэува планым тету хэIущIыIу ящIащ рудар къыщIэхьныкIэ лицензэхэр ятын папщIэ конкурс зэрыгъэкIуэкIыр икIи абы къыкIуэхэр къапщытэжыныр етIуанэ кварталым и пэщIэдзэм.

«Этана» промышленнэ комплексыр къызэгъэпэщыным хиубыдэу зэдэлэжьэным теуха зэгурыIуэныгъэм хэт лъэныкъуэхэм ирагъэкIуэныну Iуэхуэхэм я графикхэм япкъ иткIэ лэжьыгъэхэм я япэ лъэхъэнэм ерыскъыхэкIхэмкIэ Iэнатlэм къыщагъэсэбэп полимерхэр, нэгъуэщIу жыпIэмэ, продукцэр зраль хъэ тарэр къыщIагъэкIыу щыIэхэр къапщытэжыныр етIуанэ кварталым и пэщIэдзэм.

Мыхьэнэщхуэ иIэщ хозяйство мыинхэм къэралыр зэрыдэIэпыкъу Iэмалхэм зегъэужьныным. Мыбдеж куэд елытагъуэ щытынущ продукцэм елэжьныныр ар щэныныр яплъэ Iуэхуэхэм. ЩIэгъэкъуэн хъарзынэ хъун хуейщ потребительскэ кооперацэм зегъэужьныныр. Кооперативэр дэтхэнэ районми къыщызэгъэпэщыпхъэщ. А Iуэхуэр зэфIэгъэкIыным хуэфащэ гулъытэ хуащIыну сольэIу муниципальнэ районхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэм.

Продукцэм щIэупщIэ иIэн папщIэ щIагъэкъуэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ дунейм щагъэунэхуа лэжьэкIэ нэхъыфIхэмрэ иджырей технологиехэмрэ. А пщэрылъыр дэгъэкIныныкIэ къалэн хэха къыбгъэдохуэ мэкъумэш щIэныгъэм. Аращ иджырей технологиехэр ди щIналъэм къыришну икIи ди деж щIиIэ щытыкIэхэм иригъэзгъэну къызыпэщытыр. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университетым къыпэщыт Iуэху нэхъыщхьэщ зэрыригъаджэ программэхэр къэгъэщIэрэщIэжьныр, **щIэныгъэ пэрытымрэ проект нэхъыфIхэмрэ агропромышленнэ комплексым зыщегъэубгъуныныкIэ центр нэс хъуныр.**

(КIэлъыкIуэр 2-нэ нап.)

КIуэкIуэ Юрий яхуэгузэващ Кемеровэ къалэм и сату центрым къыщыхъуа мафIэсым хэкIуэдахэм я унагъуэхэм, я Iыхьлыхэмрэ я благъэхэмрэ

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым, Правительствэм, си щхьэм къыдбгъэджкIыу сахуогузавэ Кемеровэ къалэм и сату центрым къыщыхъуа мафIэсым хэкIуэдахэм я унагъуэхэм. А гузэвэгъуэм хэкIуэдащ цIыху пщIы бжыгъэжэр. ИкъукIэ ди жагъуэ зэрыхъущи, абыхэм сабийхэри яхэтщ. Республикэм и цIыху псоми гущIыхьэ ящыхъащ а хэщIныгъэшхуэр икIи фи гуауэр кьывдагуэш. А гуауэм зэрыпэлъэщын, ар зэрагъэвын къару хэкIуэдахэм я Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ ящыкъуэкIыну дыщогугъ. Шэч къытесхьэркъым къэхъуам и щхьэусыгъуэхэр зэман кIэщI дыдэм зэрызэхагъэкIыным. А гузэвэгъуэм фэбжь хэзыхахэр гъэхъужыным хуэунэтIауэ хуэзфIэкI псомкIи защIигъэкъуэну хьэщыщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр», - итщ КIуэкIуэ Юрий Кемеровэ областым и губернатор Тулеев Аман хуигъэхьа телеграммэм.

КъБР-м и Iэтащхьэм Правительствэм къалэн щищащ республикэм и цIыху зэхуэсыпIэхэм, зыгъэпсэхупIэхэм мафIэс къыщымыгъэхъун и лъэныкъуэкIэ я Iуэху зыIутыр иджыри зэ къащIытэну, апхуэдэ гуэзвэгъуэ къэхъу хъужькъуэмэ, абыкIэ хъыбар зэрырагъащIэ Iэмэпсымэхэм, цIыхухэр икIэщIыпIэкIэ унэхэм къащIэгъэIэпхъукIын хуей хъумэ, щIэкIыпIэхэм я щытыкIэхэр зрагъэлъагъуну.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэ.

● Адыгэ Республикэ

Унафэщ IхэмрэжылагъуэмрэзэгурыIуэмэ, Iуэхур мэкIуатэ

Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ Къумпылъ Мурат гъатхэпэм и 23-м хуэзащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфыщ Iэ Мухьэмэдрэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщI Ацкъан Русланрэ. ЗэIуущIэм щытепсэлъыхьащ хэгъуэгу зэхуэмыдэхэм ис адыгэхэм я Iуэху зыIутым, анэдэлъхубзэмрэ хабзэмрэ хъума зэрыхъуным, школым зэрыщрагъаджэ тхылъхэр иджырей мардэщIэхэм тету къыдэгъэкIыным пыщIа гугъуехьэм.

Къумпылъ Муратрэ *(ижьымкIэ)* **КIэрашэ Анзаурэрэ.**

АР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ властым лъэпкъ Iуэхур зэи Iэщ IыбэкIэ зэрымыщIыр, адыгэбзэмкIэ зыхуей хуэзэу ирагъэджэным я нэIэ зэрытетыр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм зэрызыкъыхуагъазэ Iуэхуэхэр и чэзум зэфIагъэкIыу зэрыщытыр. ИкIи Адыгеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я щIэныгъэлIхэм, егъэджакIуэхэм, жылагъуэ лэжьакIуэхэм я къару зэхалъхьэрэ адыгэбзэм и Iуэхум елэжьмэ, ар хъума зэрыхъунури, зэрызиужьнури и фIэщ зэрыхъур жиIащ.

Хьэфыщ Iэ Мухьэмэд Къумпылъым жриащ зи гугъу ящI Iуэхуэхэм теухуауэ ди республикэм щкIуэ кIымрэ ДАХ-мрэ КъАХ-мрэ зэфIагъэкIхэмрэ. Хэгъуэгу зэпэщхьэхуэхэм ис адыгэхэм Iуэху къызэдаIэтрэ зэпэщхьэхуэхэм ис адыгэхэм Iуэху къызэдаIэтрэ зэпIахьыфу щытын зэрыхуейр къыхигъэщащ Мухьэмэд.

- Фэ фощIэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и жэрдэмкIэ Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэ зэрыдубзыхуар. Абы къэрал унафэ игъуэтмэ нэхъ къатщтэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ Iуэху зыщIыгъ, дифIдгъэлъэпIэнымрэ ди беягъ дгъэлъэгъуэныкIэ сэбэпышхуэ зэрыхъур дольагъу. КъищынэмыщIауэ, мы махуэр ягъэлъапIэ хъуащ хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэми. Абыхэми жыджэру къыддащтащ, сыт щхьэкIэ жиIэпмэ, хэхэс гъащIэр зи натIэ хъуахэм къащIэхъуэ щIэблэр ящыхьэкIар ящIэжу, адыгэгу якIуэцIыпу, щIыбагъ зэрэIэр ящIэу, я лъэпкъ хабзэхэмэр нэщэнэхэмрэ щыгъуазэу къэгъэхъуныкIэ мыхьэнэхуэ иIэу къыщIэкIащ.

Зэрыригъаджэ тхылъхэм я гугъу щащIым, АР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **КIэрашэ Анзаурэр** «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщI **Ацкъан Русланрэ** тепсэлъыхьащ мардэщIэхэм изагъэу тхылъхэр къыдэгъэкIа зэрыхъэныкъуэмрэ, ар электроннэ Iэмалхэм зэрыхуэгъэкIуэнымрэ, ар электроннэ Iэмалхэм зэрыхуэгъэкIуэнымрэ. Абы и лъэныкъуэкIэ Адыгеймрэ и Iуэхур нэхъ мэкIуатэ икIи щапхъэ зытехьипхъэ лъэбакъуэхэр ячащ. Анзаурэр Русланрэ Iуэхум хэлъ гугъуехьэхэр яубзыхащ икIи дяпэкIэ зэдэлэжьэну зэгурыIуащ.

- АР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм егъэщIылIауэ комиссэ щхьэхуэ къыщIэдгъэпэщащ адыгэбзэм, литературэм, лъэпкъ тхыдэм ятеухуауэ къыдэкIа тхылъхэр къапщытэн папщIэ. Апхуэдэуи иджырей федеральнэ стандартхэм изагъэу адыгэбзэмрэ литературэмрэ зэрыригъэджэн тхылъхэр къыдэгъэкIыжынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэр дгъэнэIуащ. Къапщтэмэ, 1 - 4-нэ классхэр зэрырагъаджэну тхылъхэр тедзэным хуагъэхьэзыращ, - жиIащ Къумпылъым.

КъулыкъущIэхэр зэгурыIуащ дяпэкIи зэрыщIэу, зэдэлэпыкъуку зэдзлэжьэну, къаIэта Iуэхугъуэхэм хэпIэну. «Да сытым дежи Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэм дыкIэлъоплъ икIи дгъэпыкъуныгъэ хуэныкъуэу зыкъыщыпхуигъазэкIэ зыщIыдогъакъуэ. Ар захуагъэщ, сыту жыIэпмэ, властымрэ жылагъуэмрэ зэгурыIуэу зэдзлажьэмэщ, щIыналъэмрэ пхэпкъхэмрэ я Iуэхур щыкIуэтэнур», - жиIащ Къумпылъым Мурат.

НЭщIэпыджэ
Замирэ.

● Абы дегъэпIейтей

ТIымыжь Хьэсэн Iуащхьэмахуэ лъапэ зэIущIэ щрегъэкIуэкI

«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м и генеральнэ директор ТIымыжь Хьэсэнрэ «Эльбрус зыгъэпсэхупIэ» АО-м и генеральнэ директор Беккаев Хьисэрэ, курортым къепха компаниехэм я IэщIагъэлIэхэри кърихьэлIэу, гъатхэпэм и 25-м «Iуащхьэмахуэ» ВТРК-м зэIущIэ щрагъэкIуэкIащ.

ЗэIУЩIЭМ зэпкърыхауэ щытепсэлъыхьащ Iуащхьэмахуэ лъапэ, Азау хуейм и автомобиль гъэувыпIэри къыхиубыдэу, иджыблагъэ хъущеха уэсуэкъуэм и лъэужьхэр гъэкъэбзэжьным хуэунэтIауэ зэфIагъэкIхэм. А щIыпIэм щызэтрихьауэ щыта уэсыр иджыпсту ирихьэлIэу лъэныкъуэ ирагъэзащ, уэсым щIиубауэ щыта автомобилхэр къыхахьыжащ. А къэхъукъащIэм псэдзыгъи къыкIуэкъым, ухуэныгъэхэми, бгы къежэхъпIэми ящыщу зыми зэран хуэхъуакъым.

Апхуэдэу зэхуэсым и гугъу щащIащ зэпэпсэхупIэр щэщIауэ гъэлэжьэным хуэунэтIа си чэзу Iуэхугъуэхэр зэрызэфIагъэкIыну щыкIащ. КъимыдэжкI, зэгурыIуащ «Iуащхьэмахуэ» ВТРК-р гъэмахуэми зэрылъэжьну щыкIэм щхьэхуэу щытепсэлъыхьыну зэIущIэ мыгувэу ирагъэкIуэкIыну.

«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м и пресс-Iуэхущ IапIэ.

Зыужьыныгъэр щIэгъэхуэбжьэнымкIэ стратегие

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

ТУРИСТ-РЕКРЕАЦЭ КОМПЛЕКСЫР

Экономикэм зегъэужьынымкIэ гъэ къэс мыхьэнэ нэхъыбэ иIэ мэхъу туризмэм. **Гъэ кIуам кърихубыдэу ди республикэм цIыху мин 450-м щIигъум зыщагъэпсэхуащ, дызэрыт илъэсым абыхэм я бжыгъэр мин 500-м нэблэгъэну къалъытэ. Мы IэнатIэм инвестицэ проект зыбжанэ щагъэзащIэ, абыхэм ящыщу нэхъ инхэм икIи нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэхэм ящыщщ илъэс псом лажьэ «Iуащхьэмахуэ» турист-рекреацэ комплексыр, къэрал кIуэцI, къэрал щIыб туризмэм зегъэужьынымкIэ Урысей Федерацэм 2011 - 2018 гъэхэм ятещIыхьа и федеральнэ программэ хэхам хиубыдэу ящI «Зэрэгъыж» автотурист кластерыр**. А программэр тэмэму тхуэгъэзащIэмэ, 2019 - 2025 гъэхэм ятещIыхьауэ зэхалъхьэ къыкIэлъыкIуэ федеральнэ программэ хэхам дыхыхьэфынущ икIи **дунейпсо мардэхэм къикI турист кластер, щIэупщIэшхуэ зиIэ турист IэнатIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэдгъэпэщыну Iэмал дгъуэтынущ. Апхуэдэ Iэмалыр нэгъэсауэ къыумыгъэсэбэпыныр къезэгъыркъым. Правительствэм солъэIу ар зыщимыгъэгъупщэну**.

ТРАНСПОРТЫР. ГЪУЭГУХЭМ ЩЫIЭ ШЫНАГЪУЭНШАГЪЭР

Гъэ кIуам пащащ транспорт Iуэхутхьэбзэхэм зегъэужьынымкIэ лэжьыгъэхэм. «Шынагъуэншагъэ здэщыIэ республикэ» аппарат-программэ комплексым и унэтIыныгъэу тIу щIэуэ зэтрагъэуващ: ГЛОНАСС-м и технологиехэм япкъ иткIэ щIыналъэ новигацэ-информацэ системэ къызэрагъэпэщащ, Налшык къалэм хьэзыр ящIауэ щагъэунэхуу пIащIэгъуэкIэ зыдэпсалъэ IэнатIэхэр псоми я зэхуэдэ «112» номерым щIэгъэувэным теухуа системэр. А системэхэм къат Iэмалхэр нэгъэсауэ къэгъэсэбэпын, абыхэм къэрал Iуэхущ1апIэхэм я автотранспортыр, псом япэу школхэм я автобусхэр, дэIэпыкъуэгъу псынщIэм и автомашинэхэр, зэрыщыту жылагъуэ транспортыр япыщIэн хуейщ.

Дызэрыт илъэсым **щIэгъэхуэбжьапхъэщ транспорт-логистикэ инфраструктурэм къит сэбэпынагъыр къэIэтыным хуэгъэза лэжьыгъэр**. Къапщтэмэ, икIэщIыпIэкIэ яухын хуейщ «Ищхъэрэ», «Ипщэ» автовокзалхэм, Налшык аэропортым и пассажир терминалыщIэм я лэжьыгъэр къызэзыгъэпэщ инфраструктурэр ухуэныр.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, абыхэм ящыщу нэхъыщхьэ дыдэр гъуэгухэм шынагъуэншагъэ къыщызэгъэпэщыныршщ, абыхэм къыщыхъу щIэщхъухэм хэкIуадэхэм я бжыгъэр Iэмал зэриIэкIэ нэхъ мащIэ щIыныршщ.

Республикэм и кIуэцIым щызекIуэнымкIэ щыIэ зэфIэкIым нэхъри зиужьын папщIэ нэхъыбэ щIын хуейщ ди щIыналъэм гъуэгущIэхэр щыухуэным, иджырей гъуэгухэр зехьэнымрэ егъэфIэкIуэнымрэ трагъэкIуадэ ахъшэр. 2017 гъэм а мурадхэм сом меларди 2,2-м нэблагъэ хухахауэ щытащ. Лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкIащ Налшык къалэм Мэлбахъуэм и уэрамым хиубыдэ автомобиль гъуэгур реконструкцэ щIыным. **Куэд дэмыкIыу зэфIэкIынущ Колюжнэм и уэрамыр реконструкцэ щIыным хуэгъэза лэжьыгъэшхуэр**.

УХУЭНЫГЪЭР

Зэрыщыту ухуэныгъэ IэнатIэм, инвесторхэмрэ ухуэныгъэхэр езыгъэкIуэкIхэмрэ зэрадэлажьэм зыужьыныгъэщIэ ягъуэтын хуейщ. 2017 гъэм кърикIуахэм япкъ иткIэ псэупIэу метр зэбгъузэнатIэ мин 427-рэ хьэзыр ящIауэ къабжащ, 2016 гъэм елъытауэ ар процентi 103,5-рэ мэхъу. ЦIыхухэр псэупIэ кхъахэхэм къыщIэгъэIэпхъукIынымкIэ щIыналъэ программэ пыухыкIам хиубыдэу унэщIэхэм щIагъэтIысхьэжащ цIыху 1735-рэ. А щIыкIэм тету нэгъэсауэ гъэзэщIа хъуащ 2013 - 2017 гъэхэм ятещIыхьауэ къащтауэ щыта республикэ программэр. ДяпэкIэ псэупIэу хьэзыр ящIхэм хагъэхъуэну, ухуэныгъэм и фIагъыр иджырей технологиехэр къызэрагъэсэбэпым и хьэкъкIэ ирагъэфIэкIуэну, мы IэнатIэм щызэпеуэныр къызэрагъэпэщыну къапэщытщ. Абы папщIэ егугъун хуейщ ухуэныгъэм и IэнатIэм IэмалыщIэхэр, иджырей материалхэр къыщыгъэсэбэпыным, унэхэм я проектхэр зэращI щIыкIэм, республикэм и къалэхэмрэ адрей жылагъуэхэмрэ ухуэныгъэхэр щегъэкIуэкIынымкIэ я планхэр зэрызэхалъхьэ щIыкIэр зэхъуэкIыным.

Путин В. В. къалэну къигъэуващ гъэ къэс къэралым ис унагъуэу мелуани 5 нэхърэ мынэхъ мащIэм я псэупIэхэр егъэфIэкIуэн хуейуэ. Ди Правительствэм мыхьэнэшхуэ зиIэ а къалэныр дгъэкIыным республикэр зэрыхэтынур иубзыхуну икIи абы теухуа программэ зэхилъхьэу игъэзэщIэну къыпэщытщ.

ПСЭУПIЭ-КОММУНАЛЬНЭ ХОЗЯЙСТВЭР

Япэхэми хуэдэу, Iуэху нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм зегъэужьынымрэ а IэнатIэр къэгъэщIэрэщIэжынымрэ. КъыхуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъым арэзы къызэримыщIым, Iуэхутхьэбзэхэм я уасэр зэрыIах щIыкIэр зэрызэхэмыбзым, зэрыщыту къапщтэмэ - псэупIэхэр зезыхьэ компаниехэм я лэжьыгъэр зэрызэкIэлъымыкIуэм теухуауэ цIыхухэм къатх тхьэусыхафэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ хъуркъым. Дэ абы дытепсэлъыхьакIэщ.

Правительствэм, муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я администрацэхэм я IэтащхьэхэмкIэ фэтэр куэд хъу унэхэр капитальнэу зэрызэрагъэпэщыжым, ахъшэр зыхухаха мурадхэм ятещIыхьауэ къызэрагъэсэбэпым нэхъ ткIийуэ кIэлъыплъын, Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэмрэ взносхэмрэ я лъэныкъуэкIэ зэтрихьэ щIыхуэхэр къыхэхыжыным хуэгъэза лэжьыгъэр щIэгъэхуэбжьэн хуейщ. Нэрылъагъуу къэIэтыпхъэщ езыхэм я къалэнхэр ягъэзэщIэнымкIэ, зэфIагъэкI Iуэхухэм зэхэщIыкIыгъуэу цIыхухэр щыгъуазэ щIынымкIэ псэупIэхэр зехьэнымкIэ компаниехэм яхь жэуапыр. КIэлъыплъакIуэ, хабзэхъумэ органхэм кIыхьлIыхь ямыщIу жэуап иратын хуейщ цIыхухэм къыхалъхьэ Iуэхухэмрэ абыхэм я тхьэусыхафэхэмрэ.

Къэралым и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым ЗэрызыхуигъэзамкIэ къыщигъэуващ **къалэхэмрэ адрей жылагъуэхэмрэ зегъэужьынымкIэ программэ зыубгъуауэ ягъэхьэзырыну**. «Къалэм щытыкIэ зэIузэпщ къыщызэгъэпэщыныр» проектыр гъэзэщIэным нэгъабэ сом мелуани 195-рэ трагъэкIуэдащ. А мурадым мы гъэм аргуэру сом мелуани 190-рэ хухахынущ. Къалэ мыинхэм я паркхэр зэIузэпщ щIыным теухуа адрей программэм ипкъ иткIэ сом мелуани 9 къаутIыпщынущ.

ДяпэкIи дэ тхузэфIэкI длэжьынущ цIыхухэр щыпсэу щIыпIэхэр адэкIи зэIузэпщ щIыным. Ауэ абы и лъэныкъуэкIэ дэ ткIийуэ дытетынущ **езы цIыхухэр нэхъ зыхуей Iуэхущ1апIэхэмрэ проектхэмрэ зэрыхуейуэ къыхахыным теухуа хабзэм**.

ЭКОЛОГИЕР

Къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу иджыри къонэ экологие щытыкIэм и мардэ лъагэхэр зэтегъэувэныр. Экологием и илъэсу щыта блэкIа гъэр цIыху куэд къызэщIэзыгъэуIуащ экологие лэжьыгъэхэмрэ IуэхухэмкIэ гъэнщIауэ щытащ. Зэхалъхьэри къащтащ кIэрыхубжьэрыхухэр зэрызэрахьэм теухуа щIыналъэ схемэмрэ щIыналъэ программэмрэ. Китайм и компаниехэм иращIылIащ экономикэ зыужьыныгъэмрэ дыкъэзыхъуреихь дунейр хъумэнымрэ зэхуэгъэхъуным хуэгъэзауэ зэхалъхьа программэр гъэзэщIэнымкIэ зэгурыIуэныгъэм.

Налшык дэт гидрометаллургическэ заводыр нэгъуэщI щIыпIэ гъэIэпхъуэным теухуа лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI. Абы пыщIауэ къащта Iуэхухэм япкъ иткIэ предприятэщIэр къызэIуахын хуейщ 2019 гъэм и кIэухым.

Апхуэдэу щыт пэтми, а Iуэхум иджыри гугъуехь куэд хэлъщ. **Куэншыб идзыпIэхэм ящыщу хабзэм къемызэгъыу къызэрагъэпэщахэр гъэкъэбзэжыныр кIыхьлIыхь мэхъу муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм санитар щытыкIэ тэмэм зэтегъэувэжынымкIэ, кIэрыхубжьэрыху быдзэхэр гъэкIуэдынымкIэ зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр икIэщIыпIэкIэ зэфIэгъэкIын, а Iуэхум инвесторхэр, бизнесым и IэнатIэ мыинхэмрэ курытхэмрэ нэхъ жыджэру къыхашэн хуейщ.**

Экологие шынагъуэншагъэм дызэрыбгъэдыхьэ щIыкIэм кууэ зедмыгъэхъуэжу хъунукъым. АдэкIэ а Iуэхур зэфIэдмыгъэкIыу дгъэкIуэну дыхуиткъым. Дызэрыт илъэсым дэ ди къалэнщ унагъуэхэм я кIэрыхубжьэрыхухэр гъэкIуэдыным теухуа щIыналъэ схемэмрэ щIыналъэ программэмрэ гъэзэщIэн щIэддзэну. Абы хиубыдэр кIэрыхубжьэрыхухэр дэшыным и закъуэкъым, атIэ абыхэм елэжьыныршщ, гъэкIуэдыныршщ, щIэтIэныршщ. А псори илэжьыну бгъэдохуэ щIыналъэ операторым. Правительствэм солъэIу яубзыхуа а проектхэр щIэгъэхуэбжьауэ игъэзэщIэну.

Экологие и лъэныкъуэкIэ предприятэхэм хуагъэув Iуэхухэр гъэткIийн, жылагъуэ транспортым хуэгъэзауэ экологием зэран хуэмыхъу гъэсыныпхъэхэр нэхъ зыубгъуауэ къэгъэсэбэпын, щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэр зэрахъумэм нэхъыфIу кIэлъыплъын, цIыхухэм ираф псыр нэхъ къабзэ щIын хуейщ.

ИНВЕСТИЦЭХЭР

Инвестицэ лэжьыгъэ егъэкIуэкIынымкIэ щытыкIэ тэмэм зэтегъэувэным хуэгъэзауэ зыхуей хабзэ мардэхэр республикэм иджыпсту иIэщ икIи абы и лъэныкъуэкIэ фэри жыдэжру лэжьыгъэшхуэ зэфIывгъэкI, а хабзэ лъабжьэхэр щIэгъэкъуэнышхуэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэхуащ капитал нэхъыщхьэм халъхьэ инвестицэхэр иужьрей илъэсищым нэрылъагъуу щыхэхъуа субъекту 10-м.

Урысей Федерацэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, **Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ округым и субъектхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым и закъуэщ щIыналъэ инвестицэ мардэхэм я теплъэу 4 нэгъэсауэ зыгъэлажьэу хуежьар**. Лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкI проект управленэм и иджырей Iэмалхэр щIэгъэкъуэн къэщIыным и лъэныкъуэкIэ. Республикэм и Правительствэм и проект лэжьыгъэр зэтегъэувэнымкIэ япэ игъэщIыпхъэ Iуэхухэм я план къащтащ.

Ауэ абы къикIыркъым зи гугъу сщIы Iуэхум и лъэныкъуэкIэ псори зэфIэгъэкIа хъуауэ. **АдэкIи лэжьыгъэшхуэ къытпэщытщ. Инвестицэхэм папщIэ зыхуэфащэ бжэхэр зэIутхын, инвестицэмкIэ контракт хэхахэр къэдгъэсэбэпурэ, инвесторхэм налогхэмкIэ яхудэтчыхын хуейщ. Инвестицэхэр псом япэу тегъэкIуэдапхъэщ IэнатIэхэр къэгъэщIэрэщIэжынымрэ ахэр иджырей технологиехэмкIэ къызэгъэпэщынымрэ.**

Иджыри мыхьэнэ хэха зиIэхэм ящыщу къонэ властымрэ бизнесымрэ я зэхущытыкIэхэр, хьэрычэт лэжьыгъэм зегъэубгъунымкIэ Iэмал тэмэмхэр зэтегъэувэныр. Бизнесым и IэнатIэ мыинхэмрэ курытхэмрэ ядэIэпыкъунымкIэ нобэм ирихьэлIэу зэфIэгъэкIа хъуахэр мащIэкъым.

Апхуэдэу щыт пэтми, и чэзу хъуащ дэIэпыкъуныгъэм и административнэ-къызэгъэпэщыныгъэ лъэныкъуэм хиубыдэ Iыхьэми гу лъатэну. Зи гугъу сщIыр, псом япэу, хабзэ щхьэхуэхэр, энергием ухуэныгъэхэр зэрыпащIэ, ухуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зэращIыр, ресурс зэмылIэужьыгъуэхэр зыхуэдизымрэ ахэр здэщыIэ щIыпIэхэмрэ зэрыщагъэгъуазэр нэхъ къызэрыгъэкI щIыныршщ. Бизнесым щхьэхуитыныгъэ нэхъыбэ етын, административнэ текъузэныгъэр къэгъэтIэсхъэн, къэралым и Президентым зэрыжиIауэ, къэпщытакIуэхэр предприятэхэм зэрыкIуэ бжыгъэр гъэмэщIэн хуейщ.

Абыхэм къадэкIуэу, Правительствэм щIигъэхуэбжьапхъэщ хьэрычэт мыиныр дэIыгъынымкIэ къэралым илэжьхэм зэрызригъэубгъур, абы хьэрычэт Iуэхум зыщIэгъэкъуэнымкIэ центрым, инжинирингымкIэ щIыналъэ центрым хуэдэ инфраструктурэхэм къат IэмалыщIэхэр щIэгъэкъуэн къэщIынри хиубыдэу. Апхуэдэу экономикэмрэ социальнэ IэнатIэмрэ я IуэхущIапIэу мыхьэнэшхуэ зиIэхэм нэхъ зыубгъуауэ щIэгъэкъуэн къыщащIын хуейщ къэралымрэ унеи мылъкумрэ зэгъэIуауэ къэгъэсэбэпынымкIэ Iэмалхэр.

Илъэс блэкIам нэхъ нэрылъагъуу къызэщIэрыуащ **республикэ щIыб экономикэ лэжьыгъэр**. НэгъуэщI щIыналъэхэмрэ къэралхэмрэ дащI сатур процент 25-м нэблагъэкIэ хэхъуащ. Петербург щекIуэкIа экономикэ зэхыхьэшхуэм хиубыдэу 2017 гъэм зэдэлэжьэныгъэм теухуа зэгурыIуэныгъэхэр Тюмень областымрэ Карелие Республикэмрэ, Сочэ щекIуэкIа инвестицэ зэхыхьэшхуэм хиубыдэу мы гъэм Тулэ областымрэ Чувашие Республикэмрэ иращIылIащ.

Республикэм и Правительствэм фIэкIыпIэ имыIэу къэралым и щIыналъэхэмрэ нэгъуэщI къэралхэмрэ яхуиIэ экономикэ зэпыщIэныгъэхэм зегъэужьыным адэкIи пищэн, ди IуэхущIапIэхэм ирагъэкIуэкI экспорт лэжьыгъэр ядэIыгъыным хуэгъэзауэ сыт хуэдэ федеральнэ Iуэхухэми республикэр хэтыныр къызэригъэпэщын хуейщ.

Псори дызэрыщыгъуазэщи, щIэныгъэм и къэхутэныгъэщIэхэмрэ инновацэ Iуэхухэмрэ хэмыту экономикэм къилэжь фейдэм пхуэгъэхъуэнукъым. Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрымрэ ди вузхэмрэ я еджагъэшхуэхэм щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ зэфIэкIышхуэ ябгъэдэлъщ икIи ар нэгъэсауэ къэгъэсэбэпын хуейщ иджырей технологиехэмрэ материалхэмрэ къызэгъэпэщыным, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, щIэупщIэ зиIэ продукцэ къыщIэгъэкIыным хуэунэтIауэ. Урысей Федерацэм и щIэныгъэ-технологие зыужьыныгъэмкIэ стратегием къызэрыщыгъэувам тету фундаментальнэ, прикладной щIэныгъэхэр зи лъабжьэ щIэныгъэ-инновацэ лэжьыгъэ республикэм щегъэкIуэкIынымкIэ стратегие тэмэм зэхэтлъхьэн щыхуей зэманыр къэсащ.

Машинэ зыщI IэнатIэм, сырьём елэжь IэнатIэм, агропромышленнэ комплексым, био-, IT-технологиехэм ехьэлIауэ вузхэм щекIуэкI щIэныгъэ лэжьыгъэм зегъэужьыпхъэщ. Апхуэдэу зэтегъэувэн хуейщ щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм защIэгъэкъуэным хуэгъэза политикэ зэпIэзэрыт.

БЮДЖЕТЫР

2018 гъэм, 2019, 2020 гъэхэм я лъэхъэнэм бюджет политикэм и мурад нэхъыщхьэу щытын хуейщ республикэ бюджетым и зэпIэзэрытыныгъэр, бюджет IэнатIэм и зэпIэзэрытыныгъэр къызэгъэпэщыныр, республикэм зыхуигъэувыжа къалэнхэр, псом япэу социальнэ мыхьэнэшхуэ зиIэ къалэнхэр, фIэкIыпIэ имыIэу гъэзэщIэныр.

Илъэс зыбжанэ лъандэрэ республикэм нэрылъагъу къэщI социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэпIэзэрыту зэрекIуэкIыр, ар Урысей Федерацэм и Правительствэм къыхигъэщхьэхукIащ икIи 2017 гъэм саугъэту ди щIыналъэм лейуэ сом мелуан 774-рэ къыхуиутIыпщащ.

Республикэ бюджетым и хэхъуэхэм я хэкIыпIэхэр нэхъыбэ мэхъу икIи 2017 гъэм ар псори зэхэту сом мелуан 573-м нэсащ. Абы къыдэкIуэу къэгъэлъэгъуапхъэщ зэрыщыту хэхъуэхэр нэхъыбэ зэрымыхъуар, сыту жыпIэмэ, фадэхэкIхэр къыщIэзыгъэкIхэм я лицензэхэр Iахыжащ икIи а IэнатIэм хиубыдэ предприятэхэр мылажьэу къэувыIащ. Абы къыдэкIуэу зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ гъэсыныпхъэмрэ дагъэхэмрэ я лъэныкъуэкIэ акцизхэм ятеухуа федеральнэ законодательствэм. А псоми я зэранкIэ налог ахъшэу, налогхэм химыубыдэ хэхъуэу бюджетым къыIэрыхьэр гъэ кIуам сом меларди 2,4-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

Апхуэдэ лъэхъэнэм хэхъуэхэр нэхъыбэ щIынымкIэ хэкIыпIэр республикэм бгъэдэлъ экономикэ зэфIэкIым зегъэужьыныршщ. Абы къыдэкIуэу **Правительствэм, муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм щIагъэхуэбжьэн хуейщ налогхэмрэ къинэмыщI хэхъуэхэмрэ къызэгъэпэщыным хуэгъэза лэжьыгъэр. Налог, къэпщытакIуэ, хабзэхъумэ органхэм быдэу япыщIауэ абыхэм къызэрагъэпэщын хуейщ налогхэм я хэкIыпIэхэр убзыхуныр, лэжьапщIэхэр зэрат щIыкIэм кIэлъыплъыныр. Мыхьэнэшхуэ иIэщ бюджет мылъкур зэгъэзэхуэнымрэ ар Iэмал зэриIэкIэ нэхъ тэмэму къэгъэсэбэпынымрэ. Абы къыхэкIыу сэ къызолъытэ фейдэ пылъу мылэжьэф IуэхущIапIэхэм я къызэгъэпэщыкIэр зэхъуэкIыпхъэу, административнэ-унафэщI гупхэмрэ адрей IуэхутхьэбзэщIэ гупхэмрэ трагъэкIуадэ ахъшэр зэгъэзэхуапхъэу. КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэмрэ Правительствэмрэ я пщэ изолъхьэ зэман гъунэгъум къриубыдэу а Iуэхухэр зэхагъэкIыну икIи лэжьыпхъэу къалъытэхэр къыхалъхьэну.**

Дызэрыт илъэсым муниципальнэ щIыналъэхэм, IуэхущIапIэхэм, цIыху щхьэхуэхэм ябгъэдэлъ мылъкумрэ щIымрэ щIэпщытыкIыныр зэфIэгъэкIын икIи ахэр налогхэр зытралъхьэ IэнатIэхэм къыхагъэхьэн хуейщ. Къэрал мылъкумрэ мэкъумэш щIапIэу щыт щIыхэмрэ къызэрагъэсэбэпым къыпэкIуэр нэрылъагъуу къэIэтыпхъэщ, апхуэдэу бэджэнд уасэмкIэ зэтрихьа щIыхуэр къыхэхыжыным, хуей щыхъум деж бэджэнд Iуэхум теухуа зэпыщIэныгъэхэм щIэрыщIэу хэплъэжыным къаруушхуэ щыIэр ехьэлIапхъэщ. Апхуэдэу гъэткIиин хуейщ хэхауэ мыхьэнэшхуэ зиIэ щIыхэмрэ хэхауэ яхъумэ щIыналъэхэм хиубыдэ щIы Iыхьэхэмрэ къызэрагъэсэбэп щIыкIэм зэрыкIэлъыплъыр.

ПщIэ зыхуэсщI си лэжьэгъухэ!

Путин В. В. Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщыхигъэщхьэхукIащ цIыхухэм ефIэкIуэныгъэ яIэныр, унагъуэхэр зыхуей хуэзэныр зыужьыныгъэм и мурад нэхъыщхьэ дыдэу зэрыщытыр. Абы и жэрдэмкIэ дызэрыт илъэсым накъыгъэм и 1-м щегъэжьауэ нэхъ мащIэ дыдэу ят лэжьапщIэр цIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэр зыхуэдизым нэгъэсын, илъэси 6 блэгъэм къриубыдэу хуэмыщIауэ псэухэм я бжыгъэр хуэдитIкIэ нэхъ мащIэ щIын хуейщ.

Мыхьэнэшхуэ зиIэ а къалэнхэр гъэзэщIа хъун папщIэ икъукIэ егупсысауэ хэплъэжын хуейщ лэжьапIэ IэнатIэхэм я зэхэлъыкIэм. Хэхауэ егугъупхъэщ технологие лъагэхэр къыщагъэсэбэп IэнатIэхэу ахъшэшхуэ зыпэкIуэхэм зегъэужьыным. А IэмалымкIэщ дэ зэман кIыхьым тещIыхьауэ цIыхухэм я лэжьапщIэм хэгъэхъуэныр зэрызэдгъэпэщыфынур. Правительствэм солъэIу Iуэхум къегъэщIылIа лъэныкъуэ псори и гъусэу абыхэм хэплъэну икIи зэфIэгъэкIын хуейхэм я план иубзыхуну.

ЦIЫХУХЭМ СОЦИАЛЬНЭ ДЭIЭПЫКЪУНЫГЪЭ ЕТЫНЫР. СОЦИАЛЬНЭ ДЭIЭПЫКЪУНЫГЪЭМ И СЭБЭПЫНАГЪЫР КЪЭIЭТЫНЫР

Социальнэ дэIэпыкъуныгъэм и лъэныкъуэкIэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ унэтIыныгъэщ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм, зи ныбжьыр хэкIуэтахэм, ныкъуэдыкъуэхэм зэрызыщIагъакъуэр егъэфIэкIуэныр, сабий зеиншэхэм гулъытэ яхуэщIыныр.

Иджыпсту социальнэ дэIэпыкъуныгъэм и Iэмалу 50 республикэм къыщагъэсэбэп, абыхэм ящыщу 25-р къызэрызэрагъэпэщыр республикэ бюджетым и ахъшэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм ящыщу мин 245-м социальнэ дэIэпыкъуныгъэ гуэр ират, сабий ахъшэу лIэужьыгъуэ 12 щыIэщ, системэ зэгъэуэтым хиубыдэ дэIэпыкъуныгъэу псори зэхэту сом 1 мелардым щIигъу сабий мини 110-м ящыщу мин 65-м ират. А дэIэпыкъуныгъэ псори тынымкIэ захуагъэр Iэмал зэриIэкIэ нэхъ нэгъэсауэ къызэгъэпэщыпхъэщ.

ДЕМОГРАФИЕР

Иужьрей илъэсхэм къэралым лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкIащ демографие щытыкIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ. Абы и лъэныкъуэкIэ лъэбакъуэ лъэщу уващ япэ сабийр зыгъуэта унагъуэхэм дызэрыт илъэсым щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ мазэ къэс ахъшэ яхухэхыным, етIуанэ сабий зэрагъуэтам папщIэ анэхэм ахъшэ зэрыIыгъ яхуэгъэувыным теухуауэ Урысейм и Президентым къыхилъхьахэр. Дызэрыт илъэсым апхуэдэ Iэмалу къагъэсэбэп республикэм щыIэ унагъуэ ныбжьыщIэхэм ящыщу мини 3-м щIигъум.

Зэман гъунэгъум къриубыдэу, Президентым хэхауэ гу зэрылъитащи, мыхьэнэшхуэ иIэнущ сабий зыгъуэтхэр нэхъыбэ щIыным. Дэ ди къалэнщ унэгъащIэхэр къэралым и нэIэм зэрыщIэтыр, зэрадэIэпыкъур, абыхэм я бынхэр сабий садхэмрэ яслъэхэмкIэ къызэгъэпэщауэ зэрыщытынур я фIэщ тщIыну.

Нобэм ирихьэлIэу илъэсищым щегъэжьауэ илъэсиблым нэс зи ныбжь сабийхэр ди деж сад IуэхущIапIэхэмкIэ къыщызэгъэпэщамэ, зэман гъунэгъухэм къриубыдэу дэ зэфIэдгъэкIын хуейщ мазитIым щегъэжьауэ илъэсищым нэс зи ныбжь цIыкIухэри щагъэсэн IуэхущIапIэхэр ирикъуу къызэдгъэпэщыныр. 2018 - 2019 гъэхэм а мурадым папщIэ федеральнэ бюджетым къыхэкIыу республикэм сом мелуан 500 къыхуаутIыпщ икIи ар ирикъунущ сабий 800-м щIигъу зэкIуэлIэн яслъэхэр къызэIухыным.

Правительствэм и пщэ изолъхьэ муниципалитетхэр зыхуэныкъуэхэр къэлъытауэ а ахъшэр нэгъэсауэ тэмэму къэгъэсэбэпыныр къызэригъэпэщыну, апхуэдэу унэгъащIэхэм я Iуэхур егъэфIэкIуэным хуэгъэза зи чэзу Iуэхухэр зэхилъхьэну.

УЗЫНШАГЪЭР ХЪУМЭНЫР

Иужьрей илъэсхэм узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм зегъэужьыным, абы и мылъку-техникэ зэфIэкIыр гъэбыдэным, медицинэм и иджырей технологиехэр къэгъэсэбэпыным хуэгъэзауэ республикэм щалэжьыр мащIэкъым.

Нэгъабэ лажьэу хуежьащ иджырей перинатальнэ центр икIи абы технологие лъагэхэр зи лъабжьэ операцэхэр щащI, районхэм лъхугъэм пыщIа я IэнатIэхэм методикэ, чэнджэщ дэIэпыкъуныгъэхэр ярет.

Центрыр 2011 гъэм кърагъэжьауэ щытащ, ауэ мыгувэу ухуэныгъэр къызэтрагъэувыIащ. А IуэхущIапIэр адэкIэ ящIын папщIэ икъукIэ къаруушхуэ едмыхьэлIэу хъуакъым. Апхуэдэ IэнатIэхэм Урысейм УзыншагъэрхъумэнымкIэ и министерствэм яхуигъэув къалэнхэм зэрызахъуэжам къыхэкIыу проектыр щIэуэ зэхалъхьэжын, абы къыдэкIуэу, нэхъыщхьэ дыдэр арщи, республикэ бюджетым къыхэкIыу ахъшэшхуэ къызэщIэгъэуIуэн хуей хъуащ.

Ардыдэр къылъыкъуэкIащ зи мыхьэнэр зыкIи мынэхъ мащIэ адрей ухуэныгъэми - онкологие центрым. Ар 2007 - 2012 гъэхэм ятещIыхьа «Социальнэ мыхьэнэшхуэ зиIэ узыфэхэр къэмыгъэхъуныр» федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткIэ 2007 гъэм яухуэу щIадзащ. Абы сом мелуан 355-рэ и уасэ лэжьыгъэ иращIэкIащ. Ауэ программэр зэрагъэзэщIэну пIалъэр икIри, ахъшэ къамыутIыпщыжу яубыдащ икIи ухуэныгъэр 2012 гъэм къызэтрагъэувыIащ. Иджы къэралым и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым ЗэрызыхуигъэзамкIэ къыщыхилъхьащ онкологие узыфэхэм ебэнынымкIэ лъэпкъ программэ хэха ягъэзэщIэну, абы къыхэкIыу онкологие центрыр ухуэнымкIэ икIи ар къызэIухынымкIэ Iэмал псори дгъуэтыну дыщогугъ.

Правительствэм солъэIу мы Iуэхур дэкIын папщIэ зыхуеинухэр федеральнэ IэнатIэхэм ящIыгъуу и зэманым иубзыхуну. Мыбдеж сэ гу лъывэзгъэтэну сыхуейщ абы IэпэдэгъэлэлI хэмыту, жэуаплыныгъэ нэс хэлъу, мы проектыр онкологие центру зэрыщытыр икIи ар илъэси 10-м щIигъу япэкIэ зэрызэхалъхьар, абы къыхэкIыу нобэрей зэманым къызэремызэгъыжыр къывгурыIуэу фыбгъэдыхьэну. Мыхьэнэшхуэ зиIэ а программэм нэхъапэ дыдэу хиубыдэнухэм ящыщ дыхъуну дызэрыхуейм къыдэкIуэу дэ ди къалэнщ и архитектурэ теплъэкIи, къызэрызэгъэпэщам и лъэныкъуэкIи иджырей зэманым нэгъэсауэ къезэгъ онкологие центр зэтедгъэувэну. Ар ди дежкIэ Iэмал зимыIэ Iуэхущ.

Апхуэдэу дэ къытпэщытщ илъэс куэд лъандэрэ яхуэмыухыу екIуэкI нэгъуэщI зы ухуэныгъи - Прохладнэ къалэмрэ районымрэ и цIыхухэр хуабжьу зыхуэныкъуэ, къалэ сымаджэщым хирургиемкIэ и къудамэм и унэр нэдгъэсыжыну.

Къэралымрэ цIыху щхьэхуэхэмрэ я мылъкур зэгъэуIуауэ къэгъэсэбэпыным тету республикэм иужьрей мазихым къриубыдэу къыщызэрагъэпэщащ Iэмэпсымэ нэхъыфI дыдэхэр зыщIэт диализ центру щы. Мы гъэм къриубыдэу аргуэру нэгъуэщI зы центр къыщызэIуахынущ Налшык къалэм и клиникэ сымаджэщ №1-м. А псоми Iэмал къатынущ нефрологие дэIэпыкъуныгъэр дяпэ илъэс куэдкIэ къызыхуэтыншэу егъэкIуэкIынымкIэ.

2017 гъэм фельдшер-акушер пунктхэр дащIыхьащ Курп Ищхъэрэ, Былым къуажэхэм. 2014 гъэм къыщыщIэдзауэ къапщтэмэ, псори зэхэту фельдшер-акушер пунктрэ дохутыр амбулаторэу 55-рэ лажьэу яутIыпщащ. Абы и фIыгъэкIэ пэщIэдзэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэр къуажэ нэхъ пхыдза дыдэхэми тэмэму щызэтеуващ. Абы къыдэкIуэу къэгъэлъэгъуапхъэщ фельдшер-акушер пункт, дохутыр амбулаторэ жьы дыдэхэр зэгъэпэщыжын, иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщын хуейхэр зыдэт къуажэхэр зэрымымащIэр.

Гугъуехь пыухыкIахэр хэлъщ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ щхьэхуэхэр поликлиникэхэм къызэрыщызэрагъэпэщым. Апхуэдэ гугъуехьхэм къызэрикIынымрэ иджырей технологиехэр щIэгъэкъуэн къэщIынымрэ зэщIыгъуу егъэкIуэкIыпхъэщ. Апхуэдэ лэжьыгъэм кърикIуэн хуейщ сымаджэхэр зэтримыхьэну, дэтхэнэ зыми поликлиникэм зэрыщыIэ зэманыр щыгъэпсынщIэныр, дохутырхэр зрагъэплъын папщIэ зэрызрагъэтхыр гъэтэмэмыныр, абы папщIэ Интернетыр къэгъэсэбэпыныр.

Сабий поликлиникэхэмрэ сабий сымаджэщхэм щыIэ поликлиникэ къудамэхэмрэ къэгъэщIэрэщIэжынымкIэ федеральнэ программэм ипкъ иткIэ ди республикэм мы гъэм сом мелуан 70-м щIигъу хухахащ. А ахъшэр Iэмал зэриIэкIэ нэхъ зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпыпхъэщ сабий медицинэ дэIэпыкъуныгъэм и IэнатIэр къэгъэщIэрэщIэжыным, ар иджырей мардэхэм къикIыу зэтегъэувэным хуэунэтIауэ.

Нэгъабэ и закъуэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ псынщIэм папщIэ автомашинэу 18 къаIэрыхьащ. Псори зэхэту апхуэдэ автомашинэу иужьрей илъэсиплI-илъэситхум 99-рэ къащэхуащ. Апхуэдэ IуэхуфIхэр щIэгъэбыдэн хуейщ мы IэнатIэм щекIуэкI лэжьыгъэм и фIагъыр къэIэтыным, дэIэпыкъуэгъу псынщIэ цIыхухэм зэрырат зэманыр гъэмэщIэным, цIыхум и гъащIэр къегъэлынымкIэ IуэхугъуэнэхъыщхьэуIщытым, хуэгъэза лъэбакъуэхэмкIэ.

Иужьрей илъэсхэм республикэм лIэхэм я бжыгъэр зэкIэлъыкIуэу нэхъ мащIэ щохъу, ику иту цIыхухэр зэрыпсэур илъэс 75-м нэсащ. Ауэ илъэсипщI благъэм и кIэухым ирихьэлIэу, къэралым и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщигъэува къалэным ипкъ иткIэ цIыхур ику иту зэрыпсэур илъэс 80-м щIигъун хуейщ. СызэреплъымкIэ, апхуэдэ къалэныр гъэзэщIа хъунымкIэ лъабжьэ тэмэм щыIэщ.

Абы папщIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэм и фIагъыр нэрылъагъуу къэIэтын хуейщ. Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм плъапIэ нэхъыщхьэу иIэн хуейщ узыфэхэр къэмыгъэхъуным хуэгъэза профилактикэ лэжьыгъэршщ. Республикэм ис дэтхэнэ зыми хузэфIэкIын хуейщ сыт хуэдэ узыфэри пасэу къэхута хъун папщIэ дохутырхэр зригъэплъыну.

Медицинэр егъэфIэкIуэныр, цIыхухэм я узыншагъэр хъумэным ахъшэ хэлъхьэныр - ди дежкIэ нэхъ мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэ инвестицэхэм ящыщщ. Псори фыкъыхузоджэ ар сытым дежи фигу ивгъэлъыну.

СПОРТЫР, ФИЗКУЛЬТУРЭР

Спортым и инфраструктурэм псынщIэу зегъэужьыным, ГТО-м и системэр къэгъэсэбэпыныр, спорт зэхьэзэхуэхэр егъэкIуэкIыным фIыуэ куэд кърокIуэ цIыхум и узыншагъэр хъумэным и лъэныкъуэкIэ.

Мы зэманым республикэм спортым и лIэужьыгъуэу 36-м зыщауэжь, абыхэм щIалэгъуалэр щыхуагъасэ спорт школ 49-м. Ди спортсменхэм ящыщу кIуэтэху нэхъыбэ спорт зэхьэзэхуэ инхэм хохьэ, Урысейм и командэ къыхэхахэм пашэ щохъу. Дэ ди спортсменхэм я ехъулIэныгъэхэм дрогушхуэ. Абыхэм дяпэкIи тхузэфIэкI псомкIи защIэдгъэкъуэнущ, ехъулIэныгъэ ин дыдэхэр къагъэлъэгъуэнымкIэ дадэIэпыкъунущ.

Апхуэдэу щыт пэтми, къалэн нэхъыщхьэр цIыху куэд къызэщIэзыубыдэ спортым зегъэужьыныршщ, республикэм щыпсэухэр, псом япэу щIалэгъуалэр, физкультурэмрэ спортымрэ къыхэшэныршщ. Апхуэдэу, зэрыгурыIуэгъуэщи, узыншагъэр хъумэнымкIэ сэбэп хъу псэукIэм зетын зэрыхуейр цIыхухэм ягурыгъэIуапхъэщ. Мыбдеж зи гугъу сщIыр гуп зэмылIэужьыгъуэхэм, ныбжькIэ зэхуэмыдэхэм папщIэ программэ хэхахэр зэхэлъхьэныршщ. Нэхъ егугъун хуейщ зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ спортсмен ныбжьыщIэхэмрэ нэхъыбэкIэ узыщыгугъын гъэсакIуэхэмрэ хэхауэ ядэлэжьэным, спортым и инфраструктурэм адэкIи зегъэужьыным. Къапщтэмэ, къаруурэ щыIэр хузэщIэгъэуIуапхъэщ Налшык къалэ дащIыхь спорт комплексыр хьэзыр щIынымрэ узыншагъэр щрагъэфIакIуэ физкультурэ комплекс Дзэлыкъуэ районым къыщегъэжьэнымрэ.

(КIэухыр 3-нэ нап.).

Зыужьыныгъэр щIэгъэхуэбжьэнымкIэ стратегие

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1, 2-нэ нап.)

ЩIЭНЫГЪЭ IЭНАТIЭР

Илъэс гъунэгъухэм къытпэщыт къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу къонэж цIыхум щIэныгъэ егъэгъуэтыным хуэунэтIа, зы щIыкIэм тету зэпымыууэ лажьэ IэнатIэ къызэгъэпэщыныр. Дэтхэнэ зы сабийми Iэмал иIэн хуейщ иджырей щIэныгъэфI зригъэгъуэтыну. Зэрырагъаджэ программэхэм гулъытэ нэхъыщхьэ щызыгъуэтыпхъэр зэхъуэкIыныгъэхэм, щIэныгъэщIэ къэугъуеинымрэ творческэ и лъэныкъуэкIэ щIэхэр къэлъыхъуэнымрэ сабийхэр пэлъэщу щытыным хуэгъэхьэзырыныр щ.

IэнатIэм и сыт хуэдэ Iуэхущ IапIэхэми нэхъ тегъэчыныхьауэ щегугъупхъэщ математикэ щIэныгъэхэр зэрырагъэдж щIыкIэр егъэфIэкIуэным. Ди Президентым къызэрыхигъэщащи, ар икъукIэ ефIэкIыныгъэшхуэу щытынущ бжыгъэ экономикэм и лъэхъэнэм. ЩIыналъэ, къалэ псоми сабий технопаркхэр, бизнес-инкубаторхэр къыщызэгъэпэщыпхъэщ, зыхуей псори яIэу, абыхэм компьютерхэри, лабораторэхэри, 3D-принтерхэри яхэту. Ар щIалэгъуалэр технологиер зи лъабжьэ Iуэху зехьэкIэм хуэгъэхьэзырынымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ къалэнщ.

«ЩIэныгъэ IэнатIэм зэрызрагъэужьыну IэмалыщIэхэмкIэ фондым» - «Кванториум» технопаркхэр сабийхэм папщIэ къызэзыгъэпэщ федеральнэ IуэхущIапIэм - къыхилъхьа жэрдэмым ипкъ иткIэ, республикэр яхыхьащ Урысей Федерацэм и субъектхэу сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ шахматымкIэ щIэныгъэ егъэгъуэтыным зегъэужьыным хуэгъэпса IуэхущIэр пхыгъэкIынымкIэ тегъэщIапIэ ящIа щIыналъэхэм. Ар щIагъэбыдащ Сочэ иджыблагъэ щекIуэкIа инвестицэ зэхуэсышхуэм лъэныкъуиплIым Iэ зыщIадзу щызэращIылIа зэгурыIуэныгъэмкIэ.

Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ шахматымкIэ щIэныгъэ егъэгъуэтыным адэкIи зегъэужьынымкIэ щIэгъэкъуэн хъунущ, щыIэ шахмат клубхэм нэмыщI, Налшык къалэм и Къэбэрдей уэрамым метр зэбгъузэнатIэ 1500-рэ хъууэ къэралымрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ зэгъусэу щащI шахмат клубри. Ар къызэIуахыну я мурадщ 2018 гъэм и кIэм ирихьэлIэу. КъыкIэлъыкIуэ лъэбакъуэу увын хуейщ республикэм и дэнэ щIыпIи шахмат клубхэр, школхэр, секцэхэр къыщызэIухыныр.

Гулъытэ хэха хуэщIыпхъэщ ди еджапIэхэм щIэблэм щрат щIэныгъэм и фIагъым икIи ар тещIыхьауэ щытыпхъэщ еджапIэр къэзыухым цIыхухэр нэхъ зыхуэныкъуэ IэщIагъэхэр егъэгъуэтыным, армыхъумэ егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрытхэм езыхэм нэхъ тэмэму къалъытэр и лъабжьэу щытыпхъэкъым а Iуэхур. ЕгъэджакIуэхэр я IэщIагъэм нэхъыфIу хэгъэгъуэзэным теухуа Iуэхури егъэфIэкIуапхъэщ, абыхэм я лэжьыгъэм и фIагъыр къызэралъытэ мардэщIэхэр щыгъэувыпхъэщ IэнатIэм.

Жыджэру къызэгъэпэщыпхъэщ техническэ творчествэм къыхыхьэ унэтIыныгъэщIэхэр, Сабийхэм я творчествэмкIэ «ДыгъафIэ къалэ» академиемрэ абы и къудамэхэу Тэрч, Май щIыналъэхэм иджыблагъэ къыщызэIуахахэмрэ я лъабжьэу сабий зэчиифIэхэм я зэфIэкIым адэкIи зегъэужьыным пыщIа Iуэхухэр зэфIэгъэкIыным щыхуагъасэ щIыпIэхэр. Апхуэдэ центрхэр зэдэууэ, зыпэрыт Iуэхум гулыцI хуаIэу зэдэлэжьэным дэ Iэмал къыдитынущ IэщIагъэлI нэсхэр, щIэныгъэлI, къэхутакIуэ, инженер Iэзэхэр куэду зыхэтыну щIэблэ ди къэкIуэну зэманым лъабжьэ хуэтщIынымкIэ.

ЩIэныгъэ гуэдзэ щIэблэм етын и лъэныкъуэкIэ республикэм лъабжьэ хъарзынэ иIэщ езым и «щIыналъэ «Сириус», Сочэ щыIэм и мардэм иту, зэригъэпэщыжынымкIэ. КъыхэдгъэщынщIи, абы и лIыкIуэхэм яфIэгъэщIэгъуэн дыдэ хъуащ Сабий творчествэмкIэ ди академием и гъэсэнхэм я зэфIэкIыр икIи къыдэлэжьэну зэрыхуейри къагъэлъэгъуащ. Дэри апхуэдэ Iэмалыр нэсу къэдгъэсэбэпыпхъэщ.

Курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэми я материально-техникэ лъабжьэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа лэжьыгъэхэри дэгъэкIыпхъэщ. 2016 - 2025 гъэхэм ятещIыхьа федеральнэ программэу а Iуэхум хуэгъэпсар гъэзэщIэным ипкъ иткIэ, **Налшык щытщIыну ди мурадщ еджакIуэ 1224-рэ зыщIэхуэну еджапIэ. Къалэм и кум, Лениным и цIэр зезыхьэ проспектым деж а ухуэныгъэр щрагъэкIуэкIын папщIэ щыхупачащ гектари 3. Мы илъэсым абы хухахащ сом мелуан 600. Дызэрыт илъэсым и мэлыжьыхьым зыщIадзэну, 2019 гъэм и кIэм ирихьэлIэу зэфIагъэкIын хуей а лэжьыгъэр езыгъэкIуэкIынур къыхахын мурадкIэ, зэпеуэ къыхалъхьащ.**

ЕджапIэм и проектыр щащIым къалъытащ ухуэныгъэм, егъэджэныгъэм и IуэхущIапIэм ди зэманым хуагъэув мардэ псори. Ар щытынущ республикэм курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и IуэхущIапIэ нэхъ ин дыдэу икIи техникэ и лъэныкъуэкIи нэсу къызэгъэпэщауэ. Ухуэныгъэм и пэшхэр псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 26-рэ хъууэ щытынущ. Проектым зэрыщыубзыхуамкIэ, щеджэну пэшхэм нэмыщI, абы хэтынущ къыщыфэ пэш, спорт залитIрэ псыгъуэнитIрэ, футболым, баскетболым, волейболым, атлетикэ псынщIэм хухэха спорт площадкэхэр. ЖыпIэнурамэ, а еджапIэр щIыналъэм щынэхъыфIхэм, Европэм и иджырей мардэхэм къитIасэхэм ящыщ хъуну ди гугъэщ. ИкIи фэрэ дэрэ ди къалэнщ ар апхуэдэу тщIыныр.

Абы къыдэкIуэу, дызэрыт илъэсым зэфIэдгъэкIын хуейщ егъэджэныгъэ IуэхущIапIэ куэд сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзауэ зэгъэпэщыжыным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр. Правительствэм пщэрылъ щызощI а Iуэхум муниципальнэ щIыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм ящIыгъуу хэплъэну, абы хуэунэтIа программэ ягъэхьэзыру къыхалъхьэну. **Иужьрей илъэситIым къриубыдэу еджапIэхэм папщIэ автобусу 46-рэ къэтщэхуащ. А лэжьыгъэм адэкIи пыщэн хуейщ.**

IэщIагъэ щрагъэгъуэт IэнатIэм къыщытпэщыт къалэн нэхъыщхьэщ зыхурагъаджэр я IэщIагъэм хуэгъэпса IуэхущIапIэхэм щрагъэлъагъуурэ щIэблэм щIэныгъэ егъэгъуэтыныр, егъэджэныгъэмрэ практикэмрэ зэщIыгъуу. Колледжхэм иджырей IэщIагъэхэм ныбжьыщIэхэр щыхуагъасэм и мызакъуэу, адрей щIэныгъэхэми, абыхэм естествознаниери, техникэ, гуманитарнэ унэтIыныгъэхэри, программированиери, нэгъуэщIыбзэхэри ягъэджынри яхэту, нэсу щыгъуазэу къыщIагъэкIыпхъэщ. **Къызэгъэпэщыпхъэщ цIыхухэр нэгъуэщI IэщIагъэхэм щыхурагъаджэ центрхэри. Профессиональнэ щIэныгъэ щрагъэгъуэт IэнатIэм зэхъуэкIыныгъэхэр къыщыщыхалъхьэкIэ, къэлъытапхъэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрызиужь щIыкIэр, республикэм щызэфIагъэкIыну я мурад инвестицэ проектхэр. Ахэр зыр адрейм щIыгъуу егъэкIуэкIын хуейщ Iуэхухэр.**

Гъэ еджэгъуэщIэм къыщыщIэдзауэ проектыщIэ - «КъэкIуэну зэманым дызэрыхуэхьэну щIыкIэр» жыхуиIэр - къыхалъхьэну къапэщытщ. ЕджакIуэхэм IэщIагъэ яхуэхъунур нэхъ пасэу къыхегъэхыным хуэгъэпсауэ щытынущ а Iуэхур. Ар ныбжьыщIэхэм сэбэп яхуэхъунущ ахэр Iуэхум зэрыхэзагъэ щIыкIэр, IэщIагъэм дихьэх-димыхьэхыр ягъэунэхунымкIэ. НэхъыщIэхэр нэхъыжьхэм я чэнджэщ щIэдэIуу, ахэр гъуазэ яхуэхъуу щытыным пыщIа лэжьыгъэхэри зэтеублэжыпхъэщ.

Профессиональнэ щIэныгъэ етыным зегъэужьынымкIэ лъабжьэфI тхуэхъуащ WorldSkills зэщIэхъееныгъэм дызэрыхыхьар. Дэ зыми хуэмыдэ Iэмал дгъуэтащ дунейпсо мардэ нэхъыфIхэмрэ технологие нэхъ лъэщхэмрэ къатщтэу республикэм щыхэтпщэнымкIэ. Дэ ди къалэныр ахэр тэмэму дгъэзэщIэнырщ.

Гулъытэ хэха хуэщIыпхъэщ щIалэгъуалэ зэчиифIэхэм ядэлэжьэным. Iуэхугъуэщ Iэхэр къыщыхалъхьэ, ахэр пхыгъэкIыным тегъэпсыхьа центрхэм зегъэужьыпхъэщ. АбыкIэ тегъэщIапIэу увыпхъэр ди еджапIэ нэхъыщхьэхэрщ.

Республикэм и къэкIуэнур IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэрщ, IуэхущIэхэм жыджэру зезыпщытыфхэрщ, зыпэрыт IэнатIэм ехъулIэныгъэщIэхэр щызыIэрыгъэхьэным ерыщу хущIэкъухэрщ, мурад ящIрэ а лъагапIэм нэсыным я зэфIэкIкIэ зэрыпэлъэщынуми шэч къытезымыхьэхэрщ.

Къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу къонэж егъэджэныгъэ, гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэр зэгъусэу егъэкIуэкIыныр. Абы яужь итын хуейщ зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийхэм щадэлажьэ IуэхущIапIэхэм я дэтхэнэ гъэсакIуэри, дэтхэнэ егъэджакIуэри, класс унафэщIри. Апхуэдэу щытми, сабийр гъэсэныр зи пщэ псом япэу къыдэхуэр унагъуэрщ. Унагъуэращ цIыхум и гъэсэныгъэм и лъабжьэр щагъэтIылъыр, хабзэм пщIэ хуащIу, Хэкур фIыуэ ялъагъуу щагъасэр. Дэ ди къалэныр къытщIэхъуэ щIэблэм ди къэрал лъэщым хуэфэщэн гъэсэныгъэ тэмэм игъуэтын папщIэ унагъуэм и зэфIэкI псори сыт хуэдизкIи нэсу къэгъэсэбэпынырщ.

ЩIАЛЭГЪУАЛЭ ПОЛИТИКЭР. ЩЭНХАБЗЭР

ЩIалэгъуалэм яхуэгъэзауэ едгъэкIуэкI политикэм и лъабжьэ нэхъыщхьэу щытыпхъэр дзыхь яхуэщIынымрэ защIэгъэкъуэнымрэщ. ЩIалэгъуалэм дзыхь нэхъыбэ яхуэщIыпхъэщ, абыхэм я пащхьэм мыхьэнэшхуэ зиIэ къалэнхэр игъэувапхъэщ, езыхэм хэкIыпIэр къагъуэтыжыну, абы теухуа унафэр езыхэм ящIыну Iэмал етыпхъэщ, жэрдэмыщIэхэр яхуэгъэлъэгъуапхъэщ.

ПщIэ зыхуэсщI депутатхэ!

2017 гъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ, щэнхабзэ IэнатIэхэр мыхьэнэшхуэ зиIэ IуэхухэмкIэ гъэнщIауэ щыташ. Республикэм Iэтауэ щагъэлъэпIащ щэнхабзэм и лэжьакIуэ щэджащэхэу усакIуэ **Кулиев Къайсын**, тхакIуэ **Шортэн Аскэрбий** сымэ, апхуэдэуи къэрал лэжьакIуэшхуэ, политик Iущ **Мэлбахъуэ Тимборэ Къубатий и къуэр** къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъуар.

ЛъэбакъуэфIхэр ча хъуащ щэнхабзэм и IуэхущIапIэхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр гъэбыдэным хуэунэтIауи. Иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщауэ лажьэу яутIыпщащ Щэнхабзэм и унэщIэхэр, кино щеплъ пэшхэр.

Къытпэщыт лъэхъэнэм пыщэн хуейщ кино IэнатIэр зэфIэгъэувэжынымрэ абы зегъэужьынымрэ, библиотекэхэмрэ щэнхабзэмкIэ унэхэмрэ я мылъку-техникэ лъабжьэр гъэбыдэным, творческэ гупхэм защIэгъэкъуэным яхуэунэтIа лэжьыгъэхэм. А IэнатIэм иджыри куэд щызэфIэгъэкIын хуейуэ къытпэщытщ.

Урысейм и Президент Путин В. В. жэрдэм къыхилъхьащ щIыналъэхэм щэнхабзэ-егъэджэныгъэ, музей IуэхущIапIэшхуэхэр къыщызэгъэпэщыным теухуауэ. Ахэр увыпхъэщ щэнхабзэ гъащIэм и центрхэу, щIалэгъуалэми, сыт хуэдэ ныбжьым ит цIыхухэми папщIэ зэIухауэ. Правительствэм зыхузогъазэ а федеральнэ программэр гъэзэщIэным республикэр и чэзум икIи нэсу хыхьэным хуэунэтIа Iуэхухэр къызэригъэпэщыну.

Нобэ дэ дыхуэныкъуэщ фIыуэ зэгупсыса къэрал щэнхабзэ политикэ, унэтIыныгъэ, Iуэху еплъыкIэ убзыхуахэр диIэн хуейщ, республикэми, жылагъуэми, цIыхухэми зауж ьынымкIэ щэнхабзэм мыхьэнэшхуэ дыдэ зэриIэр къагъэлъагъуэу. Ар зэхэлъхьэнымрэ гъэзэщIэнымрэ къыхэшапхъэр щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я закъуэкъым, атIэ егъэджэныгъэм пэрытхэри, архивхэмрэ библиотекэхэмрэ щыIэхэри, щIэныгъэлIхэмрэ экономистхэмри, тхыдэджхэмрэ политологхэмри, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэри къыхыхьапхъэщ мы Iуэхум. Дэ псоми жэуап дохь щэнхабзэм и Iуэхур зэрыхъунумкIэ, абы и иджырей щытыкIэмрэ и къэкIуэнумкIэ.

Ди тхакIуэхэм, усакIуэхэмрэ драматургхэмрэ я IэдакъэщIэкIхэм, творческэ гупхэм я лэжьыгъэм сыт щыгъуи къыщагъэнэIуапхъэщ гъэсэныгъэ дахэм, псэкупсэ къулеягъым, ди тхыдэм и щIэинхэр, ди лъэпкъ щэнхабзэмрэ хабзэхэмрэ хъумэным, гъуазэ тхуэхъупхъэ лъапIэныгъэхэр гъэнэIуэным хуэунэтIа Iуэхухэр. Ахэр сыт щыгъуэ зэмани дэ щIэгъэкъуэныфI къытхуохъу, лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр ягъэбыдэ. Абы къыдэкIуэуи, иджырей зэманым, зэи хуэмыдэжу зэIухам, ди блэкIам и закъуэкъым щэнхабзэр зытеухуауэ щытыпхъэр, атIэ ди къэкIуэнуми хуэгъэпсыпхъэщ. **КъыддекIуэкI хабзэхэмрэ иджырей IуэхущIэхэмрэ, ди лъабжьэхэм дахуэпэжынымрэ зэманым къыздихь щIэхэмрэ зэтпхыурэщ дэ ехъулIэныгъэхэр зэрызыIэрыдгъэхьэфынур икIи тегушхуэныгъэ тхэлъу ипэкIэ дыщыкIуэтэфынур.**

Республикэм икъукIэ щылъагэу къонэж лъэпкъхэмрэ дин зэмылIэужьыгъуэхэр зезыхьэхэмрэ я зэхуаку дэлъ зэгурыIуэныгъэр. ДяпэкIи пыщапхъэщ къэрал лъэпкъ политикэр пхыгъэкIынымрэ динхэм я зэхущытыкIэхэр зыхуэдэм кIэлъыплъынымрэ хуэгъэза программэм щыубзыхуахэр егъэфIэкIуэным. Хабзэ хъуауэ зэрахьэ динхэм зэхьэкIыныгъэхэр, зэгурымыIуэныгъэхэр къыхэмыгъэхьэным хуэунэтIауэ абыхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр ядэIыгъыпхъэщ, къытщIэхъуэ щIэблэм я псэкупсэ гъэсэныгъэмкIэ абыхэм яIэ мыхьэнэм нэхъри хэгъэхъуапхъэщ.

КЪЭРАЛ УНАФЭ ЩIЫНЫМРЭ IУЛЪХЬЭМ ПЭЩIЭТЫНЫМРЭ

Къытпэщыт къалэныщIэхэмрэ абыхэм я инагъымрэ дэ къытхуагъэув къэрал унафэ щIыкIэр нэхъри едгъэфIэкIуэну.

Правительствэм пищэн хуейщ республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм гулъэф хуэхъу ныкъусаныгъэ нэхъыщхьэхэр, абыхэм я нэхъыбапIэр ди дежщ здэщыIэр, лъэныкъуэ егъэзыным пыщIа лэжьыгъэм. Псом япэрауэ, ар - инвестицэу къыхалъхьэр, иджырей технологиехэр, зи IэщIагъэм фIы дыдэу хэзыщIыкI лэжьакIуэхэр зэрытхуримыкъурщ, лэжьэкIэм хьэрхуэрыгъэ зэрыхэмылъырщ, Iуэху зэдэщIэным дызыщыIуууэ нэгъуэщI мыхъумыщIагъэхэрщ.

Къэрал унафэ щIын IэнатIэм къыщыхалъхьэ Iуэхухэр щаубзыхукIэ, абы теухуа унафэ къыщащтэкIэ икIи ар щагъэзащIэкIэ цIыхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэри нэхъыбэрэ къэлъытапхъэщ. Къэрал властымрэ органхэм я лэжьыгъэр зытеухуамрэ абы кърикIуэмрэ, апхуэдэуи ахэр гъэзэщIа зэрыхъу щыкIэр нэхъ зэIухауэ щытыпхъэщ.

Къэрал къулыкъущIапIэхэм я лэжьакIуэ псоми я Iуэху еплъыкIэхэм, гупсысэкIэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр халъхьэн хуейщ. Абыхэм я лэжьыгъэм фIагъыу кърикIуэм хэгъэхъуэным гулъытэ хэха хуащIыпхъэщ. Къэрал къулыкъущIэхэм я лэжьэкIэм кърикIуэхэр къызэрапщытэ мардэщIэхэр гъэувын хуейщ. Президентым зэпкърыхауэ абы и гугъу щищIащ Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам. КъулыкъущIэхэм я дежкIэ нэхъыщхьэу щытыпхъэр я лэжьыгъэр цIыхухэм къазэрыщыхъурщ.

Iулъхьэм сыт и лъэныкъуэкIи пэщIэтыным хуэунэтIа лэжьыгъэр нэхъри щIэгъэхуэбжьапхъэщ, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа проектхэм, зэхыхьэ зэмылIэужьыгъуэхэр егъэкIуэкIыным, апхуэдэуи федеральнэ, республикэ программэ хэхахэр гъэзэщIэным хухах мылъкур къызэрагъэсэбэп щIыкIэм нэхъ ткIийуэ кIэлъыплъыпхъэщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, къэрал мылъкур щызэхадыгъуэ, ар зэгъэзэхуауэ къыщамыгъэсэбэп ди деж иджыри мымащIэу щыIэщ.

АдэкIи икъукIэ ткIийуэ дабгъэдыхьэнущ зыпэрыт IэнатIэр къагъэсэбэпу мыхъумыщIагъэхэр зылэжь къулыкъущIэхэм, абыхэм сыт хуэдэ IэнатIэ ямыIыгъми, нэхъапэм сыт хуэдэ ехъулIэныгъэхэр ямыIами.

ЦIЫХУХЭМ ЗЭРЫЗЫКЪЫТХУАГЪАЗЭХЭМ ХЭПЛЪЭНЫР

Гулъытэ нэхъыбэ зыгъуэтыпхъэ унэтIыныгъэхэм ящыщу къонэж цIыхухэм къэрал IуэхущIапIэхэм зэрызыхуагъазэхэм хэплъэныр. Иджырей экономикэ щытыкIэ къызэрымыкIуэм абы нэхъри мыхьэнэшхуэ иIэ мэхъу. Нэхъ кууэ зыщыгъэгъуэзапхъэщ цIыхухэр зыхуэныкъуэхэм. Абы къыдэкIуэуи цIыхухэр я щхьэ IуэхукIэ егъэблэгъэныр, абыхэм зэрызыкъытхуагъэзахэм жэуап ягъуэтыныр ауэ IэхъуэгъуэтегъэкI къудейуэ зэфIэбгъэкI хъунукъым, атIэ зэпымыууэ егъэкIуэкIыпхъэ лэжьыгъэщ, апхуэдэ зэIущIэхэм Iуэху тэмэм кърикIуэнми гулъытэ хэха хуэщIауэ.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, а лэжьыгъэм иджыри мымащIэу ущрохьэлIэ Iуэхум номейуэ, гулыцI яхэмылъу щыбгъэдыхьэ, уеблэмэ зыкIи жэуап яхьыну зэрыхуэмейри щIамыуфэу. Мызэ-мытIэу срихьэлIащ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, муниципальнэ щIыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм зэфIагъэкIын хуейуэ цIыхухэм зыщIыхуагъэза гугъуехьхэр нэгъуэщI зыгуэрхэм я пщэ далъхьэну щыхуежьэ. Си лэжьэгъухэм гу лъезгъэтэну сыхуейт апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм папщIэ дэтхэнэ зыми щхьэхуэу жэуап зэрихьынум.

Иужьрей илъэсхэм хэпщIыкIыу фIы и лъэныкъуэкIэ зихъуэжащ щIыпIэ самоуправленэмкIэ органхэм я лэжьэкIэм, я щIыналъэхэм я социально-экономикэ зыужьыныгъэм къащыпэщыт къалэнхэр зэфIэгъэкIыным унафэ тэмэм езыхэм тращIыхьыжыфыным хуэунэтIа лъэбакъуэфIхэр ячащ. ДяпэкIи тегъэщIапIэ щIыпхъэщ муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я зэфIэкIыр икIи самоуправленэм адэкIи зегъэужьынымкIэ абыхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъупхъэщ.

ГъэзэщIакIуэ, хабзэубзыху органхэм я зэпыщIэныгъэр нэхъри гъэбыдапхъэщ. Экономикэм, псэуныгъэм ехьэлIа IэнатIэ псоми щIэм тету зегъэужьыным лъабжьэ быдэ къыхуэзэгъэпэщыным хуэунэтIауэ Парламентым иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ Iэмал щыIэ хъуащ республикэм зиужьыным хуэунэтIа щытыкIэфIхэр къызэгъэпэщынымкIэ. Депутатхэм я апхуэдэ хабзэубзыху лэжьыгъэфIым къыдэкIуэу, мыхьэнэшхуэ иIэщ абыхэм хэхакIуэхэм хуаIэ пыщIэныгъэхэри ягъэбыдэным, къэхъукъащIэхэм я кууIэм хэтыным, псом хуэмыдэу щытыкIэр щынэхъ гугъухэм деж.

Къэрал властым и органхэмрэ граждан жылагъуэм и институтхэмрэ зэгурыIуэу зэрызэдэлажьэм Iэмал къитащ жылагъуэ-политикэ щытыкIэр зэпIэзэрыту зэтеIыгъэнымкIэ.

Жылагъуэ палатэм, «Урысейм папщIэ» цIыхубэ фронт» Урысейпсо жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и щIыналъэ къудамэм, гъэзэщIакIуэ властым, нэгъуэщI IуэхущIапIэ нэхъыщхьэхэм я деж щылажьэ жылагъуэ советхэм я щапхъэр, я зэфIэкIыр къэгъэсэбэпауэ, адэкIи зегъэужьын икIи гъэбыдэн хуейщ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныр.

Къэралым и Президентым къыхилъхьа, Добровольцым и илъэсым ипкъ иткIэ Урысейм нэхъри зыщегъэубгъупхъэщ волонтёр, псапащIэ, зи IуэхущIафэхэр мылъку къэлэжьыным темыухуа зэщIэхъееныгъэхэм.

Къэралымрэ жылагъуэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэр езыгъэфIэкIуэфыну щытыкIэ къызэгъэпэщыпхъэщ. Республикэм шэщIауэ щолажьэ Iуэху куэд щызэфIагъэкI центрхэр. Иджы Президентым къалэну къигъэуващ илъэсихым къриубыдэу къэрал Iуэхутхьэбзэхэр занщIэу, IуэхущIапIэхэм емыкIуалIэми хъууэ цIыхухэм хуащIэу Iуэхухэр зэтраублэну. Къэрал управленэм бжыгъэхэм ятещIыхьа Iэмэпсымэхэр нэсу къыщагъэсэбэпу щIадзэныр Iулъхьэм ткIийуэ пэувынымкIэ щIэгъэкъуэнышхуэу увынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр республикэм щызэфIах Iуэху псоми къыхэшэныр зыужьыныгъэм мыхьэнэ хэха щызиIэ лъэбакъуэшхуэу увын хуейщ. АбыкIэ къалэнышхуэ я пщэ къыдохуэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ IуэхущIапIэхэм. ХъыбарегъащIэ IэнатIэм и лэжьыгъэм щынэхъыщхьэу щытыпхъэр хъыбарыщIэхэм я фIагъырщ, ахэр зэрызэбграгъэх Iэмалхэмрэ псынщIагъымрэщ.

«КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, къэхъуа зэхъуэкIыныгъэхэмрэ хъыбарыщIэхэр зэрызэбгрыкI щIыкIэщIэхэмрэ къилъытэу, и лэжьыгъэр абыхэм тету къызэрызэригъэпэщыным хэплъэжын хуейщ.

ШЫНАГЪУЭНШАГЪЭР

Нэхъапэми хуэдэу, къытпэщыт зэманми къалэн нэхъыщхьэхэу къонэж хабзэр гъэбыдэныр, жылагъуэмрэ цIыхухэмрэ я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныр. Дэ псоми фIыуэ къыдгуроIуэ республикэм шэщIауэ зиужьыныр абы сыт и лъэныкъуэкIи зэрелъытар.

Иужьрей илъэс зэкIэлъыкIуэхэм ди щIыналъэр ящыщ хъуащ къэралым щIэпхъаджагъэу нэхъ мащIэ дыдэ фIэкIа щыщамылэжьхэм. Къэрал властым и органхэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм, граждан жылагъуэм и институтхэм зэгурыIуэу ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм я фIыгъэкIэ илъэс кIуам терроризмэм, экстремизмэм къашэ шынагъуэхэм япэщIэтынымкIэ ехъулIэныгъэхэр диIэ хъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщ хъуащ Урысей Федерацэм и щIыналъэхэу шынагъуэншагъэр нэхъыфIу къыщызэгъэпэщахэм.

Апхуэдэу щытми, дэ абы хуит дищIыркъым щыIэ хъуа щытыкIэмкIэ дигу загъэу дытIысыжыну. Уеблэмэ, зэдгъэхъулIахэр нэхъри щIэдгъэбыдэн хуейщ. Къалэ, къуажэ уэрамхэм, езыхэм я унэхэм цIыхухэм къащхьэщыжын зэрыщаIэр зыхащIэу, езыхэми я сабийхэми я шынагъуэншагъэм шэч къытрамыхьэу щытыпхъэщ.

Хабзэр къызэпамыудыным хуэущииным хуэунэтIа лэжьыгъэми къыпыщэн хуейщ. Абы и лъэныкъуэкIэ щыIэ зэфIэмыхьэныгъэхэр къызэнэкIа мыхъуауэ, республикэм и криминогеннэ щытыкIэр ефIэкIуэнур уи фIэщ пщIыну гугъущ. А IэнатIэр зэгъэщIылIахэр зэдэууэ яужь итыпхъэщ профилактикэ лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIыным, шынагъуэ къызыпкърыкIынкIэ хъунухэм ятеухуа хъыбархэр зэхуэхьэсыным, абы и пэжыпIэр зэхэгъэкIыным.

Япэ игъэщыпхъэхэм ящыщу къонэж цIыхум Конституцэм кърит хуитыныгъэхэр къыхузэгъэпэщыныр. ЦIыхухэм я лэжьапщIэхэр, социальнэ ахъшэу хуагъэувахэр зыгъэгувэ IуэхущIапIэхэм, абыхэм ябгъэдэлъ мылъкур зыхуэдэм емылъытауэ, щыIэ хабзэм тету ткIийуэ жэуап егъэхьыпхъэщ. Ар нэсу яхьэлIащ цIыхухэр пенсэкIэ къызэгъэпэщын, анэхэм, сабийхэм, ныкъуэдыкъуэхэм я хуитыныгъэхэм къащхьэщыжын Iуэхухэми.

Мызэ-мытIэу зэрыжысIащи, шэч хэмылъу, **къалэн нэхъыщхьэр - ар терроризмэмрэ экстремизмэмрэ япэщIэтынырщ**. Къару къыщыгъэсэбэпын хуей щытыкIэхэм къадэкIуэу, мыбдежым зэпымычу профилактикэ лэжьыгъэ щегъэкIуэкIын хуейщ. Мыхьэнэшхуэ иIэщ ди щIалэгъуалэр экстремистхэм я сатырхэм хемыгъэшэным. Дэ дин егъэлеям, лъэпкъ зэныкъуэкъум, зы лъэпкъыр адрейм ефIэкIыу къэлъытэным мыхъумыщIагъэу къахьыр ягурыдгъэIуэн хуейщ цIыхухэм. Мыбдежми, псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ иIэщ граждан жылагъуэм и институтхэм, хабзэ хъуауэ зэрахьэ динхэм я лIыкIуэхэм, егъэджакIуэхэм, адэ-анэхэм, цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм быдэу япыщIауэ щытыным.

ЩIэпхъаджагъэу ялэжьым, Iулъхьэм пыщIа мыхъумыщIагъэхэр хэпщIыкIыу нэхъ мащIэ хъуным, езыхэм я шынагъуэншагъэр къыхузэрагъэпэщыным, жылагъуэм зэпIэзэрытыныгъэ щыIэным цIыхухэр зэрыпэплъэр, зэрыщыгугъыр захуагъэщ. Дэ ди зэхуэдэ къалэнщ а къызэрытщыгугъхэр дгъэпэжыну.

ПщIэ зыхуэсщI депутатхэ, си лэжьэгъухэ!

Зэманым псынщIэу зехъуэж. Махуэ къэси абы къытхуегъэув и зэхэлъыкIэкIи и гугъуагъкIи зэхуэмыдэ къалэныщIэхэр.

Дэ дыхуэхьэзыру дыщытыпхъэщ зэхъуэкIыныгъэшхуэхэм икIи зэманым дэ дрегъэувалIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьыныгъэм и стратегием зэгъэзэхуэжыныгъэхэр хэтлъхьэну. Апхуэдэу щытми, пIалъэ кIыхьым тещIыхьа ди къалэнхэр зызымыхъуэжщ.

Дэ ди къалэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр псынщIэу зызыужь, зи иджырей экономикэр нэгъуэщIхэм ейм пеуэфыну, утемышыныхьу инвестицэхэр зыхэплъхьэ хъуну IэнатIэхэр зиIэ, ущыпсэуну тынш щIыналъэ тщIыну.

Дэ ди къалэнщ ди цIыхухэм я псэукIэр сыт и лъэныкъуэкIи едгъэфIэкIуэну. Лэжьыгъэри, зэчийри, узыншагъэмрэ жыгъэмри къэралым быдэу къихъумэу щытын папщIэ. Унагъуэм и сабийхэр я къэкIуэнум темыгузэвыхьу щапIын папщIэ. Ди Президентми зэрыжиIащи, лэжьэну, зи зэфIэкI къэзыгъэлъэгъуэну, ехъулIэныгъэ зыIэрызыгъэхьэну, цIыхухэмрэ Хэкумрэ хьэлэлу хуэлэжьэну хуей дэтхэнэми зэхуэдэ Iэмал щаIэ щIыналъэ ди республикэр хъун папщIэ.

Технологиер щытепщэ хъуа зэманым дэ къытхуегъэув щIэм тету дыгупсысэну, дыпсэуну, дылэжьэну. Гъэсэныгъэ дахэр, пэжыгъэр, апхуэдэу щыщыткIэ, дзыхь зэхуэщIыныр увын хуейщ дызэгъусэу зэфIэдгъэкI лэжьыгъэм и лъабжьэу. Дэтхэнэ зыми зыхищIапхъэщ ди зэхуэдэ Iуэхум къыдэкIуэну ехъулIэныгъэмкIэ, апхуэдэу щыщыткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэкIуэнумкIэ жэуап зэрихьыр.

ЖЫЛАГЪУЭ-ПОЛИТИКЭ ЗЭПIЭЗЭРЫТЫНЫГЪЭР

Властыр хъун хуейщ жылагъуэм и щIэгъэкъуэн нэс. ЗэIухауэ дыщытын, тщIэм щхьэкIэ жэуап нэс зэрытхьыр зыхэтщIэн хуейщ, зыужьыныгъэм и лъабжьэу къэтщтэ Iуэху нэхъыщхьэхэм республикэм и цIыхубэр къыщыткъуэувэн папщIэ.

Къытпэщыт къалэнхэр дгъэзэщIэн папщIэ нэхъыщхьэр хабзэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ зи лъабжьэ жылагъуэ-политикэ зэпIэзэрытыныгъэрщ. Апхуэдэ щытыкIэ щыIэныр щызэфIэгъэхъулIэфынур властым и органхэр, политикэ парт нэхъыщхьэхэр, социальнэ, граждан институтхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэр зэкъуэту, зэдэууэ зэдэлажьэмэщ.

Сэ шэч къытесхьэркъым дэ гугъуехь псори къызэрызэднэкIыфынум, иджырей шынагъуэ псоми жэуап зэрытхуетынум, сыт хуэдэ Iуэхуми дызэрыпэлъэщынум икIи зыхуэдгъэувыжа къалэнхэм даззэрылъэIэсыфынум. Дызэгъусэу дэ ехъулIэныгъэхэр зыIэрыдгъэхьэнщ.

Фыкъызэрызэдэ Iуам щхьэкIэ фIыщIэ фхузощI.

● Къэхъукъащ Iэхэр

ЦIыхуи хэкIуэдакъым, ухуэныгъэхэми зэран яхуэхъуакъым

Iуащхьэмахуэ лъапэ дуней щытыкIэр зэрыщымыщIагъуэм икIи уэсукхъуэ иджыри къехынкIэ зэрыхъунум къыхэкIыу, абы щрагъэкIуэкI цIыхухэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным теухуа лэжьыгъэхэр.

КЪЫЗЭРЫМЫКIУЭ щытыкIэхэм япыщIа Iуэхухэр зи пщэ къыдэхуэ IэнатIэхэр абдеж щызэгъэуIуным, къыкъуэкI гугъуехьхэм унафэ ятещIыхьыным хуэгъэпса Правительствэ комиссэр щIыпIэм щолажьэ. Мы зэманым кIапсэ гъуэгум и екIуэлIапIэхэри Азау, Чегет, Нарзанхэм я ауз хуейри уихьэ мыхъуу зэхуэщIащ. Прохладнэ - Азау федеральнэ гъуэгум щыщ Iыхьэри гъэбыдащ. КъэхъукъащIэм цIыхуи хэкIуэдакъым, ухуэныгъэхэм ящыщи зэхикъутакъым. Гъатхэпэм и 24-мрэ 25-мрэ я жэщым Азау хуейм аргуэру уэсукхъуэ къыщехащ. ЗэфIагъэкIа лэжьыгъэхэм я фIыгъэкIэ блыщхьэ пщэдджыжьым ирихьэлIэу а щIыпIэм уэсыр ирагъэкъэбзыкIащ.

Метеорологхэм къызэратамкIэ, дуней щытыкIэр иджыри апхуэдэу щытынущ зы жэщ-махуэкIэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

НОБЭ

♦**Театрым и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм и МВД-м и къэрал кIуэцI дзэхэм я махуэщ**
♦**1917 гъэм** Налшык ГъэзэщIакIуэ комитет къыщызэрагъэпэщащ.
♦**1945 гъэм** Бирмэм и лъэпкъ армэм зыкъиIэтащ икIи я къэралыр япон зэрыпхъуакIуэхэм къаIэщIигъэкIыжащ.
♦**1968 гъэм** зэрыса кхъухьлъатэр къехуэхри иукIащ дунейм и япэ космонавт, Совет Союзым и ЛIыхъужь Гагарин Юрий.
♦**2011 гъэм** Урысейр гъэмахуэ зэманым техьащ. УФ-м и Президенту а зэманым щыта Медведев Дмитрий Iэ щIидзащ щIымахуэ, гъэмахуэ зэман жаIэу сыхьэтхэр ирамыгъэкIуэтэкIыным теухуа унафэм.
♦Нэмыцэ физик цIэрыIуэ, Нобель и саугъэтым и лауреат **Рентген Вильгельм Конрад** къызэралъхурэ илъэси 173-рэ ирокъу.
♦Революционер, къэрал лэжьакIуэ **Киров (Костриков) Сергей** къызэралъхурэ илъэси 132-рэ ирокъу. Кировыр 1934 гъэм яукIауэ щытащ.
♦Совет пианист, дирижёр, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ **Ростропович Мстислав** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.
♦КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ **Балъкъэр Фоусэт** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.
♦Америкэм щыщ кинорежиссёр, актёр цIэрыIуэ **Тарантинэ Квентин** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 15, жэщым градуси 6 - 7 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Бынyр нэм и хъуахуэщ.

● Прохладнэ къалэ

Хамыгъэзыхьамэ, ирамытыну арат?

Прохладнэ къалэм проводник ныкъуэ IэмэпсымэхэмкIэ щыIэ заводым и унафэщIым лэжьакIуэхэм я пащхьэм улахуэкIэ къащытехуа щIыхуэр прокурорым и фIыгъэкIэ ипшыныжащ.

ПРОКУРАТУРЭМ иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэм къигъэлъэгъуащ УФ-м и Лэжьыгъэ кодексым и 136-нэ статьям и 6-нэ Iыхьэм къигъэувхэр къызэпаудкIэрэ, а IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ 96-м 2017 гъэм и шыщхьэуIу-жэпуэгъуэ мазэхэм улахуэу сом мелуани 4,6-м нэблагъэ зэрырамытар. Абы ипкъ иткIэ Iуэху къиIэтащ щIыхуэр пшыныжыным теухуауэ.

ЗэзыгъэкIуж судым 2018 гъэм мазаем и 19-м къищта унафэр ягъэзащIэкIэрэ, прокурорым къигъэувхэр ягъэзэщIащ.

КъБР-м и прокуратурэ.

Къуажищми пшыхь дахэхэр щекӀуэкӀащ

● Гъуазджэ

Лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщӀа ӀуэрыӀуатэдж, щӀэныгъэлӀ цӀэрыӀуэ, КъБР-м и цӀыхубэ артист КъардэнгъущӀ Зырамыку къызэралъхурэ илъэсищэ зэрырикъуар ди республикэм и щӀыналъэ куэдым Ӏэтауэ щагъэлъэпӀащ.

АДЫГЭЛӀ ӀэужьыфӀэм и гъащӀэмрэ лэжьыгъэмрэ теухуа пшыхь иджыблагъэ щрагъэкӀуэкӀащ Жанхъуэтекъуэ щауххуагъащӀэ ЩэнхабзэмкӀэ унэм.

Абы хэтащ Бахъсэн щӀыналъэ администрацэм и унафэщӀым и къуэдзэ **Ахъуэбэч Анзор**, КъБР-м щэнхабзэмкӀэ щӀыхь зиӀэ и лэжьакӀуэ **Щомахуэ Хьэсэнбий**, къуажэдэсхэр, егъэджакӀуэхэмрэ школакӀуэ цӀыкӀухэмрэ. КъардэнгъущӀым и гъащӀэ гъуэгуанэм, лъэпкъым дежкӀэ мыхьэнэ ин зиӀэ и лэжьыгъэхэм я гугъу щащӀащ пшыхьым. ӀуэрыӀуатэр зи лъабжьэ и тхыгъэхэм ящыщ пычыгъуэ къеджа иужь, адыгэлӀ щэджащэр зыщӀыхуу щытахэм абы псалъэ гуапэ куэд хужаӀащ.

- КъардэнгъущӀ Зырамыку ӀэщӀагъэ куэдым хуэӀэижь цӀыху Ӏущт. Адыгэ ӀуэрыӀуатэр зэхуэхьэсыным, ар зэгъэкӀуауэ тхыжыным, лъэпкъ уэрэдыжьхэр гъэзэщӀэным Зырамыку къарурэ зэману тригъэкӀуэдар къыпхуэмылъытэн хуэдизщ. Абы и ӀэдакъэщӀэкӀхэр зэманым фагъуэ дэмыхъу хъугъуэфӀыгъуэщ, - жиӀащ Ахъуэбэч Анзор.

Бахъсэн щӀыналъэм и уэрэджыӀакӀуэ гупхэм гуимыхуж концерт къызэрагъэпэщат, абыхэм ягъэзэщӀащ адыгэ лӀыхъужь уэрэдхэри совет зэманым яусахэри. Щомахуэ Хьэсэнбийрэ «Кавказ» ансамблымрэ ягъэзэщӀа уэрэдыжьхэр цӀыхухэм ягу зэрыдыхьам и щыхьэтт Ӏэгуауэ ин зэрыхуаӀэтар.

* * *

ШЭДЖЭМ ЕТӀУАНЭ къыщызэрагъэпэща пшыхьым топсэлъыхь ЩэнхабзэмкӀэ унэм и унафэщӀ, КъБР-м щӀыхь зиӀэ и артист **Молей Алихъан**.

- Пшыхьыр щедгъэкӀуэкӀ пэшыр Ӏуэху къетхьэжьам декӀуу гъэщӀэрэщӀат. Чы куэбжэхэр дгъэуври, абы гуэгуэни, шыуани нэгъуэщӀ пасэрей хьэпшыпхэри фӀэддзэжат. ЩэнхабзэмкӀэ унэмрэ курыт еджапӀэмрэ зы пщӀантӀэ зэрыдэтым и фӀыгъэкӀэ дэ къызэдгъэпэщ Ӏуэхухэм щӀалэгъуалэр сыт щыгъуи къокӀуалӀэ. 7-нэ классым щыщӀэдзауэ класс нэхъыжьхэм щеджэ сабийхэр къыхэтшат а пшыхьым. КуэдкӀэ сэбэп къысхуэхъуащ егъэджакӀуэхэр, псом хуэмыдэу ДыщэкӀ Ритэ и цӀэр къыхэзгъэщыну сыхуейт. КъардэнгъущӀым и «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ» пьесэм щыщ пычыгъуэ езым иригъаджэхэр хэту дахэ дыдэу игъэуват ДыщэкӀым. Зырамыку зэхуихьэсыжа хъуэхъухэм, хъыбар гъэщӀэгъуэнхэм къеджащ адыгэ фащэкӀэ хуэпа ныбжьыщӀэ цӀыкӀухэр. Сэ сызыхэт «Шэджэм псыкъелъэхэр» уэрэджыӀакӀуэ гупри уэрэдыжь зыбжанэкӀэ къызэхуэсахэм я пащхьэ дихьащ. КъищынэмыщӀауэ, Щомахуэ Хьэсэнбий пасэрей уэрэдхэр игъэзэщӀащ. «Додо Клаб» щӀыуэпс ӀуэхущӀапӀэм и унафэщӀ Мысырджэн МуӀэед, КъардэнгъущӀхэ къабгъэдэкӀыу Мусэбийрэ Аслъэнрэ къытхуеблэгъати, абыхэм я фӀыгъэкӀэ ди Ӏуэхур нэхъ дахэ хъуауэ къызолъытэ.

Къыхэзгъэщыну сыхуейт а пшыхьым и ужькӀэ лъэпкъым и къэкӀуэнум теухуауэ си гур зэрымыныкъуэжыр. Абы хэта цӀыкӀухэми пэшым щӀэсахэми сакӀэлъыплъати, сабыру, а Ӏуэхур зыхащӀэу, зыр зым зэран хуэмыхъуу щысащ. Дызыщыгугъын диӀэщ, щӀэблэ дахэ, гъэса, адыгэгу зиӀэ къытщӀоувэ. Абыхэм яхэтт КъардэнгъущӀым и цӀэр зэи зэхэзымыха, абы и лэжьыгъэхэм щымыгъуазэхэри. Апхуэдэ щӀыкӀэкӀэ КъардэнгъущӀыр къэзыцӀыхуахэм ягу ираубыдэну къысщохъу.

* * *

БАХЪСЭНЕНКЭ (Къэсейхьэблэ) къуажэм дэт ЩэнхабзэмкӀэ унэм КъардэнгъущӀ Зырамыку теухуа пшыхьыр зэрыщрагъэкӀуэкӀар къытхуеӀуэтэж Бахъсэн районым и «Щэнхабзэ нэгузыужь центр» ӀуэхущӀапӀэм и методист, усакӀуэ **Зэгъэщтокъуэ Людэ**.

- КъардэнгъущӀ Зырамыку и гъащӀэмрэ лэжьыгъэмрэ теухуа пшыхьым хэтащ щӀэныгъэлӀ, Бэрбэч ХьэтӀутӀэ и цӀэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и доцент **Бэрэздж Барэсбий**, тхакӀуэ, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкӀэ институтым ӀуэрыӀуатэмкӀэ и къудамэм и унафэщӀ **Быхъурэ Мухьэмэд**, уэрэдус **Щомахуэ Хьэсэнбий** сымэ. Абыхэм ягу къагъэкӀыжащ я лэжьэгъуу, ныбжьэгъу пэжу щыта Зырамыку теухуа хъыбар гъэщӀэгъуэн куэд. КъаӀуэтэжам зы гупсысэ щыпхышат: Зырамыку зей лъэпкъыр насыпыфӀэщ, абы хуэдэ илъэсищэм зэщ къызэралъхур.

Пшыхьыр къызэӀуахащ Къэсейхьэблэ дэт ЩэнхабзэмкӀэ унэм «Юность Кавказа» щапхъэ зытрах и ансамблым. КъардэнгъущӀым теухуа фэеплъ зэхыхьэр ягъэдэхащ цӀыхубэ къафэхэмкӀэ «Кавказ» ансамблым, уэрэджыӀакӀуэ Беслъэней ФатӀимэ сымэ, нэгъуэщӀхэми. Абыхэм жаӀащ Зырамыку игъэзащӀэу щыта адыгэ уэрэдыжьхэр. ЩэнхабзэмкӀэ унэм и лэжьакӀуэхэу Къунаш СэӀихьэт, Хьуэт Рустам, Бэкъей Мурат, Нэгъуей МуӀэед сымэ я пшыналъэ бзэрабзэм щӀагъэдэӀуащ къызэхуэсахэр.

Пшыхьыр ирагъэкӀуэкӀащ Бахъсэн щӀыналъэм гъуазджэхэмкӀэ и школым и лэжьакӀуэхэу ЛӀыгуащӀэ Аринэрэ Абрэдж Мадинэрэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● ДифӀ догъэлъапӀэ

ЛӀы цӀэрыӀуэ

Пшынауэ Ӏэзэ, УФ-м щӀыхь зиӀэ и артист, АР-м и цӀыхубэ артист ЛӀыцӀэрыӀуэ Ким (Чэрим) хьэлэлу и лъэпкъым хуэлэжьахэм ящыщщ. Псэужамэ, щӀышылэ мазэм абы и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъунут.

МАКЪАМЭ нэсыр гупсысэм и псынащхьэщ: ар нэщхъеймэ удонэщхъей, уи гукъеуэ гъэпщкӀуахэр къитӀэщӀыжу; нэщхъыфӀэмэ гукъыдэжыр къеӀэт, уи фӀэщ мыхъун хуэдэ гугъапӀэхэри къигъэушу. Ким и пшыналъэр апхуэдэт, къэщӀэгъуейщ абы цӀыхугухэм къыщигъэхъуэпскӀа (иджыри къыщигъэхъуэпскӀ) гупсысэхэм я куэдагъыр, абы гукъыдэжу цӀыхухэм яритар зыхуэдизыр, ауэ хьэкъщ абы псоми яхурикъун гукъыдэж кӀадэхэр зэриӀэр, ар къызыхихри фӀыуэ илъагъу лъэпкъымрэ и ӀэщӀагъэмрэ къыхуащӀыж пщӀэрт, фӀылъагъуныгъэрт.

ЛӀыцӀэрыӀуэ Ким 1943 гъэм Тохъутэмыкъуей щӀыналъэм хыхьэ Псейтыкъу къуажэм къыщалъхуащ. И адэ Хьэмид курыт еджапӀэм щригъаджэрт. Ар яхэтащ курыт еджапӀэм и лъабжьэр Адыгейм щызыгъэтӀылъахэм, къищынэмыщӀауэ ӀуэрыӀуатэ зэхуихьэсыжырт.

Ким къыщыхъуа унагъуэм ар зи ӀэщӀагъэ яхэмытми, макъамэр сытым щыгъуи фӀыуэ ялъагъурт, я унэ къыщыӀу зэпытт. Абы и къуэш нэхъыжь Хьэрун пшынэм, шынэкӀэпшынэм, къамылым Ӏэзэу еуэрт, я шыпхъу Сари а Ӏэмэпсымэхэр игъэбзэрабзэрт.

Зэдэлъхузэшыпхъум къатекӀуэ щыӀакъым, ІэфӀыпс къуажэм щыщ Жамырзэ пшынэр къиштэху. Ким иджыри цӀыкӀут абы и пшынэбзэм щыдихьэхам. Жамырзэ и пшынэр зэхэзыха дэтхэнэри и мэгъу къарум зэщӀиубыдэрт. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкӀэ, аращ зи фӀыгъэр Ким и гъащӀэр макъамэм пищӀэну зэрытриухуар. Жамырзэ пшынэ щеуэкӀэ къуажэдэсхэм я нэгур зэлъыӀуха, нэщхъыфӀэ зэрыхъур зылъагъу щӀалэм къыгурыӀуащ, цӀыхухэм я гукъыдэжыр къэӀэтыным нэхъ фӀыгъуэшхуэ зэрыщымыӀэр. Абы мурад ищӀащ пшынауэ къудей мыхъуу, а ӀэщӀагъэм и щэху псори къызэрихутэным, и пшынэбзэм зэрызригъэлъэщӀыным хущӀэкъуну. Куэд дэмыкӀыуи Псейтыкъуэ къуажэм пщӀэ зиӀэ джэгуакӀуэ щыхъуащ ар.

1960 гъэм Мейкъуапэ къыщызэӀуаха Музыкэ училищэм япэу щӀэтӀысхьахэм яхэтащ ЛӀыцӀэрыӀуэри. Абы макъамэм щыхиша гъуэгуанэр куэдкӀэ щигъэпсынщӀащ училищэм и япэ унафэщӀу щыта Ӏэхъуэджак Ӏуэ Шэбан. Аращ Ким еджапӀэм езыгъэблэгъауэ щытар, иужькӀэ егъэджакӀуэ бэлыхь Евдокимов Фёдор баянымкӀэ и классым зыгъэкӀуари. Классикэ макъамэмрэ ӀуэрыӀуатэмрэ гъэщӀэгъуэну, зэпэджэжу адыгэ щӀалэщӀэм зэригъэзащӀэм а егъэджакӀуэращ гу лъызытар. ЛӀыцӀэрыӀуэм и макъамэбзэр къызэрымыкӀуэу бейт, шэщӀат.

- Ким и гъусэу утыку уиту уэрэд щыжыпӀэкӀэ, уафэм ущыхуарзэм ещхьщ. Абы и макъамэхэр дамэ лъэщ хуэдэщ, и нэгум кърих нурым утрегъэгушхуэ. Уэрэдыр зытеухуамрэ и купщӀэмрэ Ким и нитӀым къащӀощ, - жеӀэ РСФСР-м щӀыхь зиӀэ и артисткэ, АР-м и цӀыхубэ артисткэ Щауэжь Розэ.

Иджыри училищэм щеджэу Ким къулыкъу ищӀэну армэм ираджащ икӀи абы къыщызэрагъэпэща самодеятельностым пшынауэ щӀалэщӀэр жыджэру хэтащ. Армэ нэужьым къэзыгъэзэжа щӀалэм и еджэным пищэжащ. ИужькӀэ филармонием лэжьэн щыщӀидзащ, концертхэр иту хуежьащ. ЛӀыцӀэрыӀуэм и зэфӀэкӀыр нэсу къыщынэӀуар «Налмэс» ансамблым щыхыхьаращ. Абы зэрыхэта илъэс 16-м адыгэхэм я лъэпкъ гъуазджэр нэӀурыту ягъэлъагъуэу къэрал куэд къызэхакӀухьащ. Концерт бжыгъэншэхэм къадэкӀуэу, радиоми, телевиденэми куэд щригъэтхащ. 80 гъэхэм я кӀэуххэм ар ирагъэблэгъащ Мейкъуапэ дэт гъуазджэхэмкӀэ училищэм щригъэджэну. Езым бгъэдэлъ щӀэныгъэр къызыхуэтыншэу къыдэкӀуэтей щӀэблэм ябгъэдэлъхьэн зэрыхуейр къызыгурыӀуэ пшынауэр арэзы хъуащ. Абы иужькӀэ и Ӏэдакъэ къыщӀэкӀа «Адыгейские танцевальные наигрыши», «Самоучитель игры на адыгейской гармонике» тхылъхэм елэжьын щыщӀидзар а лъэхъэнэращ.

ЛӀыцӀэрыӀуэ Ким зэрыпшынауэ Ӏэзэм къыщымынэу, адыгэ макъамэ Ӏэмэпсымэ псори зэхуэдэу зыгъэбзэрэбзэф, ахэр къэзыгъэщӀыф цӀыху ӀэпэӀэсэт.

ТЭРЧЫКЪУЭ Данэ.

Дэрэжэгъуэ къыдэзытахэр

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Ангушт» (Нэзрэн) - 3:1 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. Гъатхэпэм и 24-м. ЦӀыху 500 еплъащ.

Судьяхэр Иванников (Ставрополь), Талаев (Грознэ), Тиракьянц (Дон Ӏус Ростов).

«**Спартак-Налшык**»: Щоджэн, Лелюкаев, Тебэрды, Ольмезов, Абазэ, Мэшыкъуэ (КӀэдыкъуей, 90), Михайлов (Дэхъу, 78), Шаваев, Каркаев, Бацэ (Газаев, 73), Машэжь (Къурмэн, 90).

«**Ангушт**»: Хамхоев, Балаев, Газдиев, Абубакаров, Муслуев, Нурахмедов (Ахильгов Аб., 89), Ахильгов Ал., Далиев, Парчиев (Албогачиев, 89), Алиев (Дзейтов, 69), Усманов (Пугиев, 69).

Топхэр дагъэкӀащ: Каркаевым, 53-пенальтикӀэ (1:0). Бацэм, 61 (2:0). Мэшыкъуэм, 83 (3:0). Дзейтовым, 90+3-пенальтикӀэ (3:1).

Дагъуэ къыхуащӀащ Далиевымрэ Муслуевымрэ.

86-нэ дакъикъэм Абазэм пенальти худэгъэкӀакъым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкӀэ и етӀуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекӀуэкӀ зэхьэзэхуэм и тӀощӀрэ ещанэ джэгугъуэм ипкъ иткӀэ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм кърагъэблэгъат Нэзрэн и «Ангушт»-р. Иужь илъэсхэм а командитӀым я зэпыщӀэныгъэхэр быдэу щытащ икӀи зы республикэм щыщ щӀалэхэм адрейм и щӀыхьыр яхъумэу къекӀуэкӀащ. Пэжщ, иджы командитӀми езыхэм я гъэсэнхэр тегъэщӀапӀэ ящӀащ икӀи ар гъуэгу пэжщ.

2017 - 2018 гъэхэм екӀуэкӀ зэхьэзэхуэм щыщӀадзэжынум зыщыхуагъэхьэзыр щӀымахуэ лъэхъэнэм «Спартак-Налшыкымрэ» «Ангушт»-мрэ зэныбжьэгъугъэ зэӀущӀищ ирагъэкӀуэкӀати, япэм ди щӀалэхэр бжыгъэшхуэкӀэ я хьэрхуэрэгъухэм ефӀэкӀащ, адрей тӀум щызэрытекӀуэжар. Официальнэ зэпеуэхэм налшыкдэсхэр хэпщӀыкӀыу щынэхъыфӀщ. ЖыпӀэну ирикъунщ иужь джэгугъуипщӀым ящыщу ди щӀалэхэр блым зэрыщытекӀуар. Абы щыгъуэми «Ангушт»-р налшыкдэсхэм зэ закъуэ ефӀэкӀауэ арац икӀи ар къыщыхъуар 2014 гъэм и щышхьэуӀу мазэрщ. Араци, командэхэр фӀыуэ зэроцӀыху икӀи арац щэбэт кӀуам зилъэфыхь лей хэмылъу Ӏуэхум яужь щӀихьар.

Иужь джэгугъуихым зыми къыхимыгъэщӀэфа «Спартак-Налшыкым» ебгъэрыкӀуэныгъэ лъэщхэмкӀэ къыщӀидзащ. ЕтӀуанэ дакъикъэр екӀуэкӀыу арат Каркаев Алим сэмэгумкӀэ топыр Ӏэзэу къыщыхитам, арщхьэкӀэ абы зыри лъэӀэсакъым. КъыкӀэлъыкӀуэу Ӏэмал гъуэзэджэхэр яӀащ Ольмезовми, Абазэми, Бацэми. Бжыгъэр къызэӀуахыным а псоми зы мащӀэ дыдэщ яхуримыкъужар.

Зыкъом щӀауэ зытекӀуэфа щымыӀэ «Ангушт»-ри и Ӏуэхухэр иригъэфӀэкӀуэжыну щӀэхъуэпсырт. 23-нэ дакъикъэм ар абыхэм къайхъулӀэ пэтащ. Ди насыпти, Усмановыр зэуа топыр ди гъуэм и пкъом техуащ.

Загъэпсэхуу къихьэжа иужькӀэщ нэхъ хьэлэмэт дыдэхэр къыщыхъуар. Командэхэр зэхэту пенальтищ еуащ, топиплӀ дагъэкӀащ. УвыӀэгъуэ зимыӀэж уэлбанэ щӀыӀэм имыгъэдзыхэу а махуэм стадионым къекӀуэлӀахэм а псоми дэрэжэгъуэ ин къызэрыратам шэч хэлъкъым. Абы щыгъуэми, «Спартак-Наклшыкым» и хьэрхуэрэгъухэм яхудигъэкӀа топищми Мэшыкъуэ Хьэчим и фӀыгъэ хэлъщ. ЯпэщӀыкӀэ, 53-нэ дакъикъэм, ар хьэщӀэхэм я гъуэм пэмыжыжьэу щраудри, метр пщыкӀузым и деж щыту Каркаевым бжыгъэр къызэӀуихащ. Куэд дэмыкӀыу Мэшыкъуэм штрафнойр апхуэдизу Ӏэзэу игъэзэщӀати, Бацэ Къантемыр дахэ дыдэу щхьэкӀэ хьэщӀэхэм я гъуэр хигъэщӀащ. Иужьым езы Хьэчим бжыгъэшхуэр щӀигъэбыдэжащ.

Нэхъыбэжри къыхэжаныкӀыфыну щытащ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэр. Къапщтэмэ, 86-нэ дакъикъэм Абазэ Астемыр «Ангушт»-м и гъуэр щыхигъащӀэм ираудащ. Пенальти! Ар къэзылэжьам игъэзэщӀэну хуит ящӀащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, Астемыр топыр дигъэкӀыфакъым.

Джэгум къыщӀагъуа зэманращ нэзрэндэсхэм я насып къыщикӀар. «Ангушт»-м и гъуащхьауэхэм ящыщ зыр Шаваевым ириудри, пенальтикӀэ топ къытхудагъэкӀащ. Псалъэм къыдэкӀуэу къыхэдгъэщынщи, нэгъабэ шыщхьэуӀум и 27 лъандэрэ Налшык къэкӀуа я хьэрхуэрэгъухэм ди командэм и гъуэр зэи къыхагъэщӀэфатэкъым.

«Спартак-Налшыкым» и джэгукӀэфӀым дэрэжэгъуэ ин къаритауэ топджэгум еплъахэр зэбгрыкӀыжащ. Гуапэщ абыхэм я бжыгъэм кӀуэ пэтми зэрыхэхъуэр. Мы гъэм ирагъэкӀуэкӀа джэгугъуищми зэрыщытекӀуам и фӀыгъэкӀэ ди щӀалэхэр ебгъуанэ увыпӀэм икӀри еплӀанэм нэс дэкӀуэтеящ. Ар ехъулӀэныгъэшхуэщ икӀи дызыщымыгугъащ.

АдэкӀэ щыгъуазэ фыхуэтщӀынщ Урысей Федерацэм футболымкӀэ и етӀуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым иужьу щызэхэта джэгугъуэм кърикӀуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Анжи-2**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - **1:3**, «**ІэфӀыпс**» (ІэфӀыпс) - «**Кубань-2**» (Краснодар) - **8:1**, «**Черноморец**» (Новороссийск) - «**Армавир**» (Армавир) - **1:2**, «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - «**Чайка**» (Песчанокопское) - **2:2**, «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - **1:0**, «**Краснодар-2**» (Краснодар) - «**Легион Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - **0:0**, **СКА** (Дон Ӏус Ростов) - «**Спартак-Владикавказ**» (Владикавказ) - 1:0.

КъыкӀэлъыкӀуэ джэгугъуэри ди щӀалэхэм я стадионым щрагъэкӀуэкӀынущ. Гъатхэпэм и 31-м абыхэм Налшык къыщрагъэблэгъэнущ ди лъахэгъу ДыщэкӀ Хьэзрэт зи тренер нэхъыщхьэ Новороссийск и «Черноморец» командэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкӀэ и етӀуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекӀуэкӀыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФӀ.	Т.	О.
1.	**«ІэфӀыпс»**	**21**	**17**	**3**	**1**	**47-11**	**54**
2.	«Армавир»	21	16	4	1	45-12	52
3.	«Краснодар-2»	21	13	3	5	45-16	42
4.	**«Спартак-Налшык»**	**22**	**9**	**8**	**5**	**31-18**	**35**
5.	«Черноморец»	21	10	4	7	31-20	34
6.	«Чайка»	21	9	7	5	24-16	34
7.	«Легион Динамо»	22	9	6	7	20-16	33
8.	СКА	21	8	8	5	29-20	32
9.	«Дружба»	22	9	3	10	22-37	30
10.	«Биолог-Новокубанск»	22	8	5	9	22-27	29
11.	«Академия»	21	8	4	9	19-30	28
12.	«Мэшыкъуэ-КМВ»	21	5	5	11	17-22	20
13.	«Ангушт»	20	5	4	11	18-33	19
14.	«Спартак-Владикавказ»	21	5	4	12	17-29	19
15.	«Анжи-2»	21	4	4	13	21-34	16
16.	«Динамо-Ставрополь»	21	5	1	14	23-52	16
17.	«Кубань-2»	21	3	1	17	16-54	10

Дунейпсо зэпеуэм зыхуагъэхьэзыр

● Самбэ

Налшык дэт Универсальнэ спорт комплексым мы махуэхэм щызэхэтащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щӀыналъэм самбэмкӀэ и зэхьэзэхуэ. Абы щызэпеуащ 2002 - 2003 гъэхэм къалъхуа ныбжьыщӀэ 300-м щӀигъу.

ЗЭПЭЩӀЭТЫНЫГЪЭ гуащӀэхэм ди щӀалэхэм ящыщу пашэныгъэр щиубыдащ Ало Мухьэмэд (кг 60). Мэздэгу Мусэрэ (кг 50) Абазэ Аслъэнрэ (кг 66-рэ) дыжьын медалхэр къахьащ. Ещанэ хъуащ Терещенкэ Ильярэ (кг 72-рэ) Мырзэбэч Ильясрэ (кг 72-рэ).

Хъыджэбз цӀыкӀухэм я зэхьэзэхуэм нэхъ лъэщу къыщыщӀэкӀащ Шорман Элеонорэрэ (кг 41-рэ) Кабуловэ Миланэрэ (кг 70). ЕтӀуанэ увыпӀэр яубыдащ Ефремовэ Софиерэ (кг 70) БжэӀумых Эльзэрэ (кг 44-рэ).

Иджырей зэхьэзэхуэм япэ, етӀуанэ увыпӀэхэр къыщызыхьа щӀалэ цӀыкӀухэм Ӏэмал къахукъуэкӀащ «Победа» дунейпсо зэпеуэу мэлыжьыхьым и 9 - 12-хэм Санкт-Петербург щекӀуэкӀынум хэтыну. ФокӀадэм Раменскэ къалэм щыӀэну урысейпсо зэхьэзэхуэм япэ увыпӀищыр зыубыдахэр ирагъэблэгъащ.

Ди спортсменхэр ягъасэ ПщӀэнашэ Мурат, Уэщхъун Башир, Джэданэ Залым, Новиковэ Антонинэ, Мырзэ Тимур, Дзу Беслъэн сымэ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Тхылъ цӀыкӀум и махуэ

Республикэм и къалэ, къуажэ библиотекэхэм щыхабзэ дахэщ сабий тхылъым и тхьэмахуэр илъэс къэс гъатхэпэм и 21-м къызэӀухыну.

ДЭ ЩЫГЪУАЗЭ дыхъуащ ныбжьыщӀэ цӀыкӀухэм я ныбжьэгъу пэжыр Хьэтуей жылэми зэрыщагъэлъэпӀам.

Къуажэ библиотекэм и лэжьакӀуэ Срыкъуэ Ринэрэ Таз Аминэрэ къызэрагъэпэщащ зэӀущӀэ гуапэ. Тхылъ хъумапӀэм и хьэщӀэщ Хьэтуей курыт еджапӀэ Дол Хьэсэнбий и цӀэр зезыхьэм и 2-нэ классым и еджакӀуэхэр. ДзыхьмыщӀ Рузаннэ и гъэсэнхэр жыджэру хэтащ Ӏуэхум. Библиотекэм и лэжьакӀуэхэм сабийхэр зыгъэгупсысэ, я Ӏэпкълъэпкъыр щӀэзыгъэкӀ джэгукӀэ зэмылӀэужьыгъуэхэмкӀэ ягъэджэгуащ, абыхэм къуажэхьхэр кърагъэщӀащ. ЕплӀанэ классым и еджакӀуэ цӀыкӀухэу Щхьэгуэш Аидэрэ Бетрожь Камилэрэ жаӀа уэрэдхэм сабийхэр дихьэхауэ едэӀуащ.

«Творец и лучший друг ребят» зыфӀаща гъэлъэгъуэныгъэм хэлъщ къуажэ сабийхэм фӀыуэ ялъэгъуа, куэдым зэӀэпахыу щӀаджыкӀ тхылъхэр.

Апхуэдэуи библиотекэм игъэнэӀуащ щӀэджыкӀакӀуэ нэхъыфӀу мы илъэсым къалъытар. Тхылъыр фӀыщэу зылъагъуу, ар зи Ӏэпэгъуу, библиотекэм нэхъыбэ дыдэрэ екӀуалӀэ ещанэ классым и еджакӀуэ Истэпан Иридэщ. Абы щытхъу тхылъ иратащ.

Тхыгъэри сурэтри зейр
БЛИЙ Залинэщ.

КъБР-м ЩэнхабзэмкӀэ и министерствэр, «КъБР-Медиа» къэрал кӀэзонэ ӀуэхущӀапӀэр, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Горянка», «Советская молодёжь» газетхэм, «Ӏуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Минги Тау», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-р, «Налшык» ОРТК-р, ВГТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-р, «КъБР-инфо» хъыбарегъащӀэ агентствэр, «Эльбрус» тхылъ тедзапӀэр, «Тетраграф» ООО-р **Къардэн Борис ХьэзрэӀил и къуэм** и благъэхэмрэ Ӏыхьлыхэмрэ яхуогузавэ ар дунейм зэрехыжам къыхэкӀыу.

Лъэпкъ гуфӀэгъуэ

● ХъыбарегъащӀэ

Мэлбахъуэ Тиморэ и цӀэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм щекӀуэкӀынущ Балъкъэр лъэпкъым и къэщӀэрэщӀэжыныгъэм и махуэм теухуа пшыхь, «Псэухэм - мамырыгъэрэ гуфӀэгъуэрэ...» зыфӀаща зэхыхьэр щыщыӀэнур гъатхэпэм и 27-рщ, сыхьэт 15-м щӀидзэу.

Концерт Ӏыхьэм хэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым Щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкӀэ и колледжым и студентхэр. ГуфӀэгъуэ пшыхьыр къызэригъэпэщащ Налшык къалэ администрацэм ФизкультурэмкӀэ, спортымрэ щӀалэгъуалэм ядэлэжьэнымкӀэ и управленэм.

Налшык къалэ администрацэм и пресс-ӀуэхущӀапӀэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФӀЫЦӀЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкӀэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), Жылэсэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Шырдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къанщокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщӀэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщӀ Изэ.



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъыдззыгъэкӀхэмрэ редакцэмрэ я хэщӀапӀэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинам и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкӀэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ӀуэхухэмкӀэ - 42-22-86; къуажэ гъащӀэмрэ экономикэмкӀэ - 42-57-59; щэнхабзэмкӀэ - 42-75-36; хабзэхъумэ ӀуэхущӀапӀэхэм ядэлэжьэнымкӀэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымкӀэ, экологиемрэ спортымкӀэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щӀэныгъэмкӀэ - 40-15-31; зэдэжкӀэхуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ӀэнатӀэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къэщӀэтэ Ӏуэхугъуэхэм я пэжагъымкӀэ ахэр зытххэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Ӏуэху еплъыкӀэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Ӏэ тезыдзахэм яхуэхьынур и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ почт зэпыщӀэныгъэхэмкӀэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкӀэ Къэбэрдей-Балъкъэр щӀыналъэ ӀуэхущӀапӀэм ПИ №ТУ07-00117-м щӀэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокӀ.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленинам и уэрам, 33

Мы къыдэкӀыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Залинэ, *редактору* ЖьэкӀэмыхъу Маринэ, *корректорхэу* Щоджэн Иннэ *(1, 2-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэӀэпыкъуэгъу* Нэужьокъуэ Заирэ. *КомпьютеркӀэ газетым и теплъэр ящӀащ* Щомахуэ Мариннэ, Бещто Оксанэ, *сурэттех елэжьар* Бищу Жаннэщ.
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ӀэнатӀэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Ӏэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 2.139 ● Заказ №308